O`zbekstan Respublikası Xalıq ta`limi Ministirligi

A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı

Ta`biyattanıw ha`m geografiya fakul`teti

«Geografiya ha`m ekonomikalıq bilim tiykarları» kafedrası

«Geografiya ha`m ekonomikalıq bilim tiykarları» qa`nigeliginin`
4 «a» kurs studenti

Pirlepesova Dilbarxan Zaripbaevnanın`

«Bazar ekonomikasına o`tiw da`wirinde jeke menshikke tiykarlang`an awıl xojalıq ka`rxanaların rawajlandırıw jolları»
temasındag`ı bakalavr

# *PİTKERİW QA`NİYGELİK JUMISI*

İlimiy basshı: dots. e.i.k.Torebekov A.

Kafedra baslıg`ı: dots. p.i.k.. Gaypova R.

No`kis - 2013

Mazmunı

Kirisiw ______________________________________________3

I-Bap. Awıl xojalıg`ında jerden paydalanıw na`tiyjeliligi ha`m eginlerdi jaylastırıwdın` ha`zirgi halatı ___________________5

1.1 Awıl xojalıg`ı jerlerinen paydalanıw na`tiyjeliliginin` ha`zirgi halatı ha`m egin maydanları quramı ___________________5

1.2 Awıl xojalıg`ı jer maydanları o`nimdarlıg`ı ha`m meliorativ halatının` ha`zirgi ahwalı ________________________10

II-Bap. Bazar ekonomikasına o`tiw da`wirinde jeke menshikke tiykarlang`an awıl xojalıg`ı ka`rxanalarında o`ndiristi rawajlandırıw ha`m agrar resurslardan na`tiyjeli paydalanıw perspektivaların belgilew tiykarları _______________18

2.1 Awıl xojalıg`ı eginleri quramın optimallastırıw arqalı jerden paydalanıw na`tiyjeliligin arttırıw perspektivaları _______________18

2. 2 Diyxanshılıq o`nimlerinin` keleshektegi o`ndiris imkaniyatların anıqlaw ha`m olardın` na`tiyjeliligin arttırıw jolları ___________26

Juwmaqlaw ____________________________________________56

Paydalanılg`an a`debiyatlar ______________________________60

Kirisiw

***Temanın` aktuallıg`ı.*** Respublika agrosanaat kompleksi ka`rxanalarında a`melge asırılıp atırg`an ekonomikalıq reformalar en` aldın-ala ha`r qıylı mu`lkshilikke tiykarlang`an jojalıq ju`rgiziw tu`rlerin rawajlandırıw ha`m olar ortasında salamat ba`sekini ju`zege keltiriw arqalı o`ndiris na`tiyjeliligin arttırıwg`a qaratılg`an. O`z na`wbetinde, awıl xojalıq o`ndiris na`tiyjeliligin arttırıw xojalıqlar ekonomikalıq erkinligi masshtabın ken`eyttiriwdi, xojalıq ju`rgiziwde ekonomikalıq metodlarg`a tayanıwdı, islep shıg`arılıp atırg`an o`nimlerdin` ba`sekige shıdamlılıg`ın asırıw ha`m isbilermenlikti rawajlandırıwdı ja`ne de teriitoriyalar boyınsha xojalıqlar qa`niygelesiwin ilimiy tiykarlang`an ta`rizde sheshiwdi talap qıladı.

Respublikamızda awıl xojalıg`ında ekonomikalıq reformalardı a`melge asırıwdın` huqıqıy tiykarları jaratılg`an bolıp Respublika Oliy Majlisi ta`repinen qabıl qılıng`an «Jer kodeksi», «Awıl xojalıq kooperativleri (shirket xojalıqları», «Fermer xojalıqları», «Diyxan xojalıqları» tuwrısındag`ı nızamlar bar ha`m huqıqıy hu`jjetler kompleksin ja`ne de bayıttı. Ekonomikalıq reforma ilajları na`wbettegi basqıshının` tiykarg`ı a`hmiyeti – awıl miynetkeshlerine xojalıq ju`rgiziwde tola erkinlik beriw, olarda o`ndiris qurallarına ha`m o`z miyneti na`tiyjelerine erkin iyelik qılıwları ushın ba`rshe sha`rt-sha`rayatlardı jaratıw bolıp tabıladı. Sebebi, bazar ekonomikasının` qarar tabıwı awıl xojalıg`ı o`ndirisinde ha`r qıylı mu`lkshilik tu`rindegi xojalıqlar xızmetinin` barlıg`ı ha`m olardın` erkinlik da`rejesi menen belgilenedi.

Bazar ekonomikasına o`tiwdin` ha`zirgi basqıshında awıl xojalıq o`nimler o`ndiriw na`tiyjeliligin asırıw mashqalasın sheshiw, ekonomikalıq reformalardı teren`lestiriw arqalı miynetkeshlerde mu`lkke ha`m miynetke mu`na`sibetti tu`pten o`zgerttiriw, ha`r qıylı xojalıq ju`rgiziw tu`rlerin ja`ne de rawajlandırıw ja`ne de ishki xojalıq ju`rgiziw mexanizmin jetilistiriwdin` ilimiy tiykarlang`an teoriyalıq ha`m a`meliy qollanbaların o`ndiristi talap qıladı. Temanın` aktuallıg`ı da joqarıda atap o`tilgen mashqalalardın` za`ru`rligi arqalı belgilenedi.

***İzertlewdin` maqseti ha`m wazıypası.*** İlimiy izelniwdin` tiykarg`ı maqseti – ekonomikalıq reformalardı teren`lestiriw sha`rayatında ha`r qıylı mu`lkshilik tu`rlerindegi awıl xojalıq ka`rxanalarında o`ndiris na`tiyjeliligin arttırıw boyınsha ilimiy tiykarlang`an usınıslar islep shıg`ıwdan ibarat.

Usı maqsetti a`melge asırıw protsessinde to`mendegi wazıypalar orınlandı:

- bazar ekonomikası sha`rayatında o`ndiris na`tiyjeliligin arttırıwdın` a`hmiyeti ha`m sotsial-ekonomikalıq a`hmiyeti teoriyalıq jaqtan ashıp berildi;

- awıl xojalıg`ında o`ndiris na`tiyjeliligine ta`sir etiwshi tiykarg`ı faktorlardı bir dizimge keltirilip, olardan u`nemli paydalanıw boyınsha usınıslar tayarlandı;

- qa`niygelestiriwdin` awıl xojalıq o`nimleri o`ndiriwde tutqan ornı ha`m a`hmiyeti tiykarlang`an ja`ne de onın` o`ndiris na`tiyjeliligin arttırıw ashıp berildi;

- jan`asha xojalıq ju`rgiziw tu`rlerinin` a`hmiyeti ha`m olardın` awıl xojalıq o`nimleri o`ndiriw na`tiyjeliligin arttırıwdag`ı a`hmiyeti ashıp berildi;

- ekonomikalıq reformalardı teren`lestiriw sha`rayatında sem`ya kesip alıwın rawajlandırıw, ishki esap-kitap bahasın ja`ne de sarp-qa`rejetlerdi qadag`alawdın` chek dizimin engiziw boyınsha usınıs islep shıg`ıldı;

- paxtashılıq tarmag`ında tuqımshılıq dizimin bazar talapları masshtabında sho`lkemlestiriw ha`m jetilistiriw boyınsha usınıslar islep shıg`ıldı.

***İzertlew ob`ekti.*** İzertlewlerdin` a`melge asırıw ob`ekti sıpatında Qaraqalpaqstan Respublikasının` ha`r qıylı mu`lkshilik tu`rindegi awıl xojalıq ka`rxanaları tan`lang`an.

# I-Bap. Awıl xojalıg`ında jerden paydalanıw na`tiyjeliligi ha`m eginlerdi jaylastırıwdın` ha`zirgi halatı

## 1.1 Awıl xojalıg`ı jerlerinen paydalanıw na`tiyjeliliginin` ha`zirgi halatı ha`m egin maydanları quramı

Awıl xojalıg`ı tarmaqlarında ha`r qıylı mu`lkshilikke tiykarlang`an xojalıq ju`rgiziw tu`rindegi ka`rxanalardın` rawajlanıwı awıl xojalıg`ı jerlerinen paydalanıw mazmun ha`m a`hmiyetin bir qatar o`zgertti. Sonday-aq, jer ma`mleket mu`lki bolg`anı halda jerge iyelik qılıw u`lesin ha`r bir diyxanda qa`liplestiriw imkanın beriwshi mexanizmler engizilmekte. Fermer xojalıqlarına jer maydanları uzaq mu`ddetke ijarag`a beriliwi bolsa fermerdin` jerge iyelik qılıwın a`melde ta`miyn etken bolsa, diyxan xojalıqları a`melde tolıq jer iyesine aylang`an.

Usı menen birgelikte jer maydanlarının` haqıyqıy iyesi ma`mleket bolıp, jerden na`tiyjeli paydalanıwdı jolg`a qoymag`an awıl xojalıg`ı tovar o`ndiriwshisi jerden paydalanıw huqıqınan ayırılıwı qa`wipi bar ekenligi, awıl xojalıg`ı jerlerinen tek g`ana awıl xojalıg`ı o`nimleri jetistiriw ushın paydalanıw lazımlıg`ı nızamlarda qatan` belgilep qoyılg`anlıg`ı jerden paydalanıw na`tiyjeliligin arttırıp barıwdı ha`r bir xojalıq ju`rgiziw tu`ri ushın ma`jbu`riy sharag`a aylandırdı.

Ekinshi ta`repten, awıl xojalıg`ı tarmaqlarında bazar mu`na`sibetleri rawajlanıp barıwı, o`ndiriste bazar nızamlıqları u`stemligi ta`miynleniwi sha`rayatında, tek g`ana jerden na`tiyjeli paydalanıwdı jolg`a qoyıwdın` jag`dayınan shıqqan awıl isbilermenleri g`ana bazarda xojalıq ju`rgiziw imkaniyatına iye boladı.

Keri halda isbilermen ushın awıl xojalıg`ı o`ndirisi ekonomikalıq kriziske ushıraydı ha`m o`z-o`zinen jerden paydalanıwimkaniyatı barha`m tabadı.

O`zbekstan respublikasının` «Jer kodeksi», «Jer kadastrı tuwrısında»g`ı, «Diyxan xojalıg`ı kooperativleri (shirket xojalıg`ı) tuwrısında»g`ı, «Fermer xojalıg`ı tuwrısında»g`ı, «Awıl xojalıg`ı kooperativleri (shirket xojalıg`ı) tuwrısında»g`ı nızamlarda jerden paydalanıw ha`m jer o`nimdarlıg`ın asırıp barıw

shara-ilajları ko`zde tutıladı. O`zbekstan Respublikası konstitutsiyasında jer ulıwma xalıqlıq mu`lki, ulıwma milliy baylıq ha`m aldı-sattı, girew, sawg`a qılıw ob`ekti bolmaslıg`ı belgilep qoyılg`an.

Jer awıl xojalıg`ı ka`rxanalarına paydalanıw ushın uzaq mu`ddetke ijarag`a yaki paydalanıw ushın biriktirip beriledi. Sonın` ishinde, awıl xojalıg`ı jerlerinen paydalanıwshılarg`a:

- fermer xojalıqlarına da awıl xojalıg`ı jerleri uzaq mu`ddetli ijara tiykarında (30 jıldan 50 jılg`a shekem bolg`an mu`ddetke) biriktirip beriledi;
- diyxan xojalıqlarına bolsa jer maydanları a`wladtan-a`wladqa miyrasqa qaldırıw sha`rti menen o`mirinshe paydalanıwg`a beriledi;
- ilimiy-izertlew institutlarına ha`m oqıw orınlarına izertlew jumısları, oqıw maqsetlerinde paydalanıw ushın beriledi;
- ta`jiriybe xojalıqları, tuqımshılıq ha`m na`silshilik ma`mleket xojalıqları da jer maydanınan mu`ddetsiz paydalanadı;
- basqa awıl xojalıg`ı bolmag`an ma`kemeleri ha`m sho`lkemlerine bolsa awıl xojalıg`ı jer maydanları ja`rdemshi xojalıqlar sho`lkemlestiriw ushın ajıratıladı.

O`zbekstan Respublikasında xalıq tıg`ızlıg`ı joqarılıg`ı ha`m jer maydanları mug`darı shegaralang`anlıg`ı sebepli jan basına tuwrı keletug`ın aydalatug`ın jerler ju`da` kem bolıp, jıldan-jılg`a kemeyip barmaqta.

Jerden paydalanıw na`tiyjeliligi da`rejesi basqa agrar resurslardan paydalanıw na`tiyjeliligi da`rejesin de belgilewi, jerden u`nemsiz paydalanıw yaki jer maydanların (suwlı maydanlarda) egin ekpesten qaldırıw tovar jetistiriwshi diyxan ushın u`lken ekonomikalıq zıyan keltiriwi menen birgelikte, respublika masshtabında u`lken ekonomikalıq imkaniyatlardı jiberip qoyıw da esaplanadı.

Respublikamızdag`ı awıl xojalıg`ına jaramlı jer maydanlarının` tek 15,1 protsentinen artıg`ırag`ı (4200 mın` gektar) intensiv paydalanıw mu`mkin bolg`an jerler esaplanadı. Biraq usı jer maydanları da qalalar, iri xalıq jasaw ma`nzillerine jaqınlıg`ı, o`ndiristi sho`lkemlestiriw ushın za`ru`r resurslarg`a salıstırg`anda jaylasıwı, suw ta`miynatı, topıraq mexanikalıq, agroximiyalıq, agrobiologiyalıq

quramı, ıqlım qa`siyetlerine baylanıslı bolg`an halda tu`rli da`rejede na`tiyje beredi. Biraq, jer resurslarının` sheklengenligi ha`m olardın` jer maydanların o`ndiris protsessine tartıw za`ru`rligi bar.

Ba`rshe sha`rayatlar ten` bolg`an halatta o`nimdar, resurslar ha`m bazarlarg`a salıstırg`anda qolay jaylasqan jer maydanlarında is ha`reket ju`rgiziwshi awıl xojalıg`ı ka`rxanaları basqa ka`rxanalarg`a salıstırg`anda ko`birek da`ramat alıw imkaniyatına iye boladı. Usı tiykarda awıl xojalıg`ı o`nimleri bazarında o`nim bahası qa`liplesiwine sezilerli ta`sir etiw mu`mkin. Bul jag`dayda ma`mleket ta`repinen jer rentası dizimi arqalı, diyxan miyneti na`tiyjesine baylanıslı bolmag`an artıqsha da`ramat qayta bo`listiriliwi esabınan jerden paydalanıwshılar ushın ten` ekonomikalıq jag`day jaratılıwı za`ru`r a`hmiyetke iye bolıp tabıladı.

Awıl xojalıg`ı jerleri quramında suwg`arılatug`ın jerler a`hmiyeti joqarılıg`ı sebepli, olardan paydalanıw na`tiyjeliligin arttırıw, suwg`arılatug`ın jer maydanlarının` basqa tiptegi jer maydanlarına aylanıwına jol qoymaslıq, erroziyag`a ushırawı, meliorativ halatı jamanlasıwı na`tiyjesinde awıl xojalıg`ı aylansınan shıg`ıp ketiwi ka`bi unamsız halatlardın` aldın-alıw ilajları qurılıwı lazım.

Egin maydanları quramında suwlı maydanlar ko`beyiwin unamlı hal sıpatında da bahalaw mu`mkin. Bul diyxannın` egin maydanları birligi esabına ko`birek da`ramat alıw barısında a`melge asırıp atırg`an shara-ilajları na`tiyjesi sıpatında bahalanıwı lazım.

Biraq, fermer xojalıqlarında jer maydanları tiykarg`ı quramı shirket xojalıqlarındag`ıg`a salıstırg`anda bir qatar parqlarg`a iye. Sonın` ishinde, aydalatug`ın egin maydanları salmag`ı biraz joqarı. Bul ko`rsetkish respublika boyınsha Jami jer maydanları quramında 91,2 protsentti quramaqta yaki fermerlerge biriktirip berilgen 81244 gektar egin maydanının` 74095 gektarı aydalatug`ın jerler esaplanadı.

Ayrıqsha rayonlar boyınsha aydalatug`ın jerler salmag`ı ju`da` joqarı bolıp, bul fermer xojalıqlarında awıl xojalıg`ı o`ndirisi intensivligin asırıw imkaniyatları joqarılıg`ınan da`liylet beredi.

Respublika boyınsha diyxan xojalıqlarına ajıratılg`an 49074 gektar jer maydanlarının` 79 protsenti aydalatug`ın jerler bolsa, wq protsenti ko`p jıllıq terekler egilgen jerler esaplanadı. Rayonlar boyınsha da fermer xojalıqlarına salıstırg`anda diyxan xojalıqlarında aydalatug`ın jerler salmag`ı pa`sligi baqlanadı. Sebebi, diyxan xojalıqlarında aydalatug`ın jer maydanları salmag`ının` joqarı shegarası 87-90, fermer xojalıqlarında bolsa 96-97 protsentti quramaqta.

Egerde statistikalıq mag`lıwmatlar analizleri tiykarında sheshim qılatug`ın bolsaq, diyxan xojalıqlarında bar jer maydanlarınan paydalanıw na`tiyjeliligin arttırıw imkaniyatı biraz pa`s. sebebi, jer maydanlarının` 10-15 protsenti aydalatug`ın diyxanshılıq ju`rgiziletug`ın da`rejede emes.

Biraq, analizler sonı ko`rsetpekte, bar jag`day ha`m esabat dizimi masshtabındag`ı statistikalıq mag`lıwmatlar tiykarındag`ı analizler haqıyqıy halat haqqında tola ko`z-qaras oyatpaydı. Sebebi, fermer xojalıqları ha`m diyxan xojalıqlarında jerden paydalanıw, jer maydanları quramı, jerge bolg`an mu`na`sibet barısındag`ı paritetsizlikler olardın` ko`rsetkishlerin salıstırıw ha`m anıq sheshimler shıg`arıw imkanın bermeydi.

Sonın` ishinde, diyxan xojalıqlarına ajıratılg`an jer maydanları quramında aydalatug`ın jer maydanları salmag`ı pa`sligi tiykarınan, jer maydanlarının` bir bo`legi (shama menen 20-25 protsenti imaratlar ha`m tu`rli qurılmalar menen ba`nt etilgenligine tiykarlanadı. Demek, ajıratılg`an jer maydanlarının` ha`mmesinen awıl xojalıg`ı o`ndirisi masshtabında paydalanıw imkanı joq.

İzertlewler ko`rsetiwinshe, fermer xojalıqlarına ajıratılg`an jer maydanları tiykarınan eki bo`limnen, egin maydanları konturındag`ı awıl xojalıg`ı o`ndiristi ju`rgiziw ushın ha`m fermer shan`arag`ına diyxan xojalıg`ın ju`rgiziw ushın ajıratılg`an jer maydanlarınan ibarat. Sonlıqtan, statistikalıq mag`lıwmatlarda fermer xojalıqlarına egin maydanları konturınan awıl xojalıg`ı o`ndirisin ju`rgiziw ushın uzaq mu`ddetli tiykarda ijarag`a ajıratıp berilgen jer maydanları g`ana fermer jeri sıpatında esapqa alınadı. Na`tiyjede fermer ushın ajıratılg`an jer olarda maydanlarının` derlik 100 protsenti awıl xojalıg`ı o`ndirisine tartılg`anlıg`ı sa`wlelenedi.

Usı jag`day fermer xojalıqları ushın ajıratılg`an maydanlardan paydalanıw monitoringin ju`rgiziw ha`m jerden paydalanıw na`tiyjeliligin analiz etiwdi jolg`a qoyıw maqsetinde aldın-ala, fermer xojalıg`ın sho`lkemlestirgen awıl shan`arag`ının` fermer xojalıg`ı ha`m diyxan xojalıg`ın ju`rgiziw ta`rtibi, statusı ka`bi ma`selelerge anıqlıq kiritiwdi talap etedi.

Awıl xojalıg`ı jerlerinen paydalanıw ekonomikalıq na`tiyjeliligin sa`wlelendiriwshi tiykarg`ı natural ko`rsetkishlerden biri eginler o`nimdarlıg`ı esaplanadı.

Eginler o`nimdarlıg`ın respublika boyınsha analiz qılg`an halda, respublikada awıl xojalıg`ı jerlerinen paydalanıw na`tiyjeliligine baha beretug`ın bolsaq, usı ko`rsetkish son`g`ı jıllarda ayırım egin tu`rleri boyınsha g`ana unamlı ta`repke o`skenligi seziledi

Awıl xojalıg`ı ka`rxanaları masshtabında jerden paydalanıw na`tiyjeliligi ko`rsetkishlerin ayrıqsha-ayrıqsha analiz etetug`ın bolsaq, shirket xojalıqları ko`rsetkishlerin qanıqarlı dep bahalap bolmaydı.

Bug`an tiykarg`ı sebep shirket xojalıqları egin maydanları esabınan fermer xojalıqları sho`lkemlestiriliwi na`tiyjesinde shirket xojalıg`ı jer maydanlarının` bir bo`legi shirket balansınan shıg`ıp ketkenligi bolıp tabıladı.

Ha`zirgi ku`nde ha`r gektar jerden na`tiyjeli paydalanıwg`a eginler o`nimdarlıg`ın asırıwda aldag`ı texnologiyalardı engiziw, tuqımshılıq dizimin jaqsılaw, eginler quramın optimal salıstırmalarg`a keltiriw, miynetti sho`lkemlestiriw ha`m qollap-quwatlaw dizimin jetilistirip barıw sebepli erisiw mu`mkin. Bunda eginlerdi jaylastırıw dizimin jetilistiriw ayrıqsha a`hmiyetke iye bolıp tabıladı.

Ha`r qanday xojalıq ju`rgiziw tu`ri masshtabında eginlerdi jaylastırıwda jerlerdin` o`nimdarlıq da`rejesine, ıqılım sha`rayatlarına itibar beriw kerek. Pa`n utısları ha`m aldag`ı ta`jiriybelerdin` ko`rsetiwinshe, bul barada tu`rli topıraq sha`rayatına say keletug`ın almaslap egiw dizimin engiziw jaqsı na`tiyjeler beredi.

Ma`lim bolg`anınday, jaqın o`tmishte awıl xojalıg`ında paxta jekke ha`kimligi ha`m organikalıq to`ginlerdi orınsız qollaw sebepli topıraq o`nimdarlıg`ı pa`seyip

barg`an. Bunın` sebebi o`nimdarlıqtı asırıwda bas o`lshem – topıraqta shirindi mug`darı keskin pa`seyip, o`simlik ushın za`ru`r bolg`an azıq-awqat elementleri kemeygen, qatlamlar tıg`ızlıg`ı artıp, paydalı mikroorganizmler is ha`reketi pa`seygen, na`tiyjede topıraqtın` fizikalıq, ximiyalıq quramı jamanlasqan.

Almaslap egiw dizimi izden shıg`ıp, tu`rli kesellikler zıyankesler esabına da, ko`p miynet artıq qarjı sarplansa da o`nimdarlıq kemeyiwine, o`zine tu`ser bahanın` bolsa artıp barıwına jag`day jaratadı. sonın` ushın paxtashılıq aymaqlarında ilimiy tiykarlang`an almaslap egiwdi engizbesten turıp o`nimdarlıg`ın asırıwg`a erisip bolmaydı.

Almaslap egiw agrotexnikalıq ha`m meliortaiv ilajlardın` na`tiyjeliligin asırıwg`a xızmet qıladı. Jer maydanlarınan na`tiyjeli paydalanıw, kem miynet ha`m qarjı sarplap, eginlerden mol zu`ra`a`t alıwdı ha`m sharwa o`nimleri ko`beyiwin ta`miynleydi. Sebebi ko`p jıllıq ta`jiriybeler suwg`arılatug`ın jerlerden na`tiyjeli paydalanıwdın` birden-bir tuwrı jolı tuqım almaslap egiw dizimi ekenligin da`liyllegen.

Tuqım vitaminlerge bay bolg`an sharwa azıq-awqatı bolıp, topıraqta ko`p mug`darda massa ha`m qaldıqlardı toplaydı. Bul qaldıqlar esabına topıraqta ju`zege keletug`ın, quramalı birikpelerden quralg`an shirindi payda boladı. Son`g`ı jıllarda egin maydanları quramında ot-jem eginleri ha`m sonın` ishinde, tuqım maydanları salmag`ı jıldan-jılg`a kemeyip barıwı topıraq o`nimdarlıg`ın arttırıwdın` ta`biyiy imkaniyatlardan tolıq paydalanıwdı sheklemekte.

Ulıwma alg`anda, ha`zirgi sha`rayatta respublikada bar egin maydanları topıraq o`nimdarlıg`ın asırıw, jerlerdin` meliorativ halatın jaqsılaw ma`selesi aktuallıq bolıp tabılmaqta.

## 1.2 Awıl xojalıg`ı jer maydanları o`nimdarlıg`ı ha`m meliorativ halatının` ha`zirgi ahwalı

Respublikamızdın` o`zine ta`n qa`siyetleri, ma`mleket ekonomikasında awıl xojalıg`ının` tutqan ornı ha`m a`hmiyetin esapqa alg`an halda, awıl xojalıg`ında

za`ru`r en` tiykarg`ı o`ndiris quralı esaplang`an jer resurslarınan paydalanıw na`tiyjeliligin arttırıwg`a ayrıqsha itibar qaratılmaqta.

O`zbekstan Respublikasının` «Jer kodeksi» respublikamızda ulıwma milliy baylıq esaplang`an jerden asırap-abaylap paydalanıwı ta`rtip qag`ıydaların, jer mu`na`sibetlerin a`melge asırıwdın` ekonomikalıq, huqıqıy mexanizmlerin belgilep beredi. Bu`gingi ku`nde jerden paydalanıwg`a tek g`ana ekonomikalıq na`tiyjelilik ko`z-qarasınan jantasılıp g`ana qalmay, ba`lki jerden paydalanıwshı ha`r bir sub`ekt moynına za`ru`r ulıwma boljawlıq mashqalag`a aylanıp atırg`an ekologiyalıq ten`salmaqlıqtı saqlaw da o`te za`ru`r wazıypa sıpatında ju`klenbekte.

Ha`zirgi waqıtta ha`r bir awıl xojalıg`ı ka`rxanasına, mu`lkshilik tu`ri ha`m u`lken-kishiliginen qatan` na`zer awıl xojalıg`ında jerlerinen paydalanıw barısındag`ı minnetlemeler menen birge ten` ekonomikalıq ha`m huqıqıy imkaniyatlar da jaratılg`an.

Jerden paydalanıwshılardın` jerden paydalanıw protsessi dawamında, jer uchastkasına bolg`an mu`na`sibetleri boyınsha ekonomikalıq ha`m huqıqıy dizim ju`zege keltirildi. Jer fondının` ma`mleket mu`lki sıpatında saqlanıp qalıwı ha`m tovar sıpatında bazarg`a shıg`arılmaslıg`ın ko`zde tutqan halda awıl xojalıg`ına jaramlı jerler ta`biyiy o`nimdarlıg`ı anıqlanıp, olarg`a ekonomikalıq jaqtan baha beriw ta`rtip qag`ıydaları, ilimiy ha`m a`meliy tiykarları islep shıg`ılg`an ha`m a`meliyatqa engizilgen.

Ha`r bir jerden paydalanıwshı awıl xojalıg`ı ka`rxanası o`zine biriktirilgen (ijara tiykarında uzaq mu`ddetke tiyisli ta`rizde ajıratıp berilgen) jer maydanları sapası, o`nimdarlıg`ı ha`m quramı tuwrısındag`ı mag`lıwmatlardı tolıq alıw huqıqına iye boldı.

Bul bolsa, ha`r xojalıqqa aa`maqtın` ta`biyiy-ıqlım sha`rayatları, suw ta`miynatı, topıraq quramı ha`m o`nimdarlıg`ın esapqa alg`an halda en` na`tiyjeli (ekonomikalıq na`tiyjelilik ko`z-qarasınan) awıl xojalıg`ı eginin jaylastırıw imkanın tuwdıradı, sonday-aq, awıl xojalıg`ı eginlerin o`stiriw protsessinde ha`r bir egindi qa`siyeti ha`m topıraqtın` ximiyalıq, fizikalıq quramın esapqa alg`an halda

azıqlandırıw rejim ha`m normaların, sa`ykes keliwshi, agrotexnika qag`ıydaların tan`law ushın sha`rt-sha`rayat jaratadı.

Respublikamızda awıl xojalıg`ına jaramlı bolg`an jer maydanlarının` topıraq ta`biyiy o`nimdarlıg`ı, awıl xojalıg`ı eginlerin o`stiriw ushın sha`rt-sha`rayatlarg`a iyeligi, suw ta`miynatı ha`m topıraq quramına baylanıslı ra`wishte on klassqa kiriwshi topıraqlar bes awıl xojalıg`ı kadastr toparlarına birlestirilgen.

Sonnan, Respublikanın` 1,5 protsent a`tirapındag`ı jer maydanları birinshi kadastr toparına kiritilgen bolıp, olar jan`a o`zlestirilgen jerlerdin` bir bo`leginen ibarat. Bultiptegi jer maydanları shirindi mug`darının` kemligi, o`nimdarlıg`ının` ju`da` pa`sligi, joqarı ajıralıp turadı.

Sonın` ushın da, bul jer maydanları melioratsiya ilajların o`tkiziw ushın ko`p qarjı talap etedi ha`m awıl xojalıg`ı eginleri o`nimdarlıg`ı pa`sligi sebepli payda alıw mu`mkinligi, mineral to`ginler bahası asıp barıwı jetistirilgen o`nim o`zine tu`ser bahası asıp ketiwine alıp keledi.

Bul tiptegi jer maydanları joqarı o`nimdarlıg`ı, topıraq o`nimdarlıg`ının` ba`rqulla bolıwı menen ajıralıp turadı ha`m awıl xojalıg`ı eginlerinen joqarı payda alıw esabına jerden paydalanıw ushın sarp qılıng`an qa`rejetlerdin` joqarı da`rejede qaytım beriwi menen klassifikatsiyalanadı.

Bunday jer maydanlarınan paydalanıw jer qadag`alawı organları ha`m jerden paydalanıwshılar ta`repinen ba`rqulla ra`wishte qadag`alawda bolıwı, o`nimdarlıg`ın saqlaw ilajları belgili o`tkizip barılıwı lazım.

Usı tiptegi jer maydanlarının` awıl xojalıg`ı o`ndirisi protsessinen alıp qoyılıwına (sanaat ob`ektleri qurıw, u`y-jaylar payda etiwge) jol qoyılmaslıg`ı kerek. Sebebi bunday jerlerdin` tiykarg`ı bo`legi xalıq jasaytug`ın aymaqlar a`tirapında jaylasqan.

Bu`gingi ku`ni awıl xojalıg`ı ka`rxanaları finanslıq ahwalı jamanlasıp barıp atırg`anlıg`ı awıl xojalıg`ı jerleri meliorativ halatın jaqsılaw ushın investitsiyalar ajıratıwg`a u`lken tosıq bolmaqta.

Respublikada bar awıl xojalıg`ına jaramlı jer maydanları meliorativ halatı jamanlasıp, suwlardı tazalaw ilajların o`tkiziwge qarjı jetpesten sizot suwlar

ko`lemi ko`terilip baratırg`an bir payıtta, jan`a jerlerdi o`zlestiriwge qosımsha qarjılar sarp etiw halatları ju`z bermekte.

Biraq, jan`adan o`zlestirilgen jer maydanlarının` ko`pshilik bo`legi o`nimdarlıg`ı pa`s jerler bolıp esaplanadı. U`lken mug`dardag`ı qa`rejetler ornına, kem zu`ra`a`t beriwshi, o`nimdarlıg`ı pa`s jer maydanlardı o`zlestiriw ekonomikalıq jaqtan o`zin aqlamaydı.

Sebebi, birinshiden, o`zlestiriwge sarp qılıng`an kapital, uzaq jıllar dawamında jan`a o`zlestirilgen jerlerde jetistirilgen awıl xojalıg`ı o`nimleri o`zine tu`ser bahasın asırıp barsa, ekinshiden, pa`s o`nimdar jerlerde egin egip, onı o`stiriw qosımsha qarjılar sarpın talap etedi. Usı sebepli jan`a jerlerdi o`zlestiriwge sarp etilip atırg`an qarjılar o`nimdarlıg`ı salıstırmalı joqarıraq bolg`an ha`m ha`zirde meliorativ halatı jamanlasıp baratırg`an jerler o`nimdarlıg`ın asırıwg`a sarp qılınsa, bunnan ko`birek ekonomikalıq payda ko`rilgen bolar edi.

A`sirese, respublika boyınsha awıl xojalıg`ı jerleri shorlanıw da`rejesi artıp barıwı, sul`fat-xloridli shorlanıwdın` Respublika boyınsha ta`nligi shor juwıw ilajların belgili o`tkizip barıwdı talap etedi.

Sizot suwlardın` ko`terilip barıwı respublikada ekilemshi shorlanıw qa`wipin asırmaqta. Sizot suwlar ko`lemi ko`teriliwi ta`biyiy jawın-shashınlar jıllıq normalarınan artıqsha jabıwı na`tiyjesi bolıwı menen birgelikte, suwg`arıw ushın mo`lsherlengen suw sarpının` asıp ketiwi esabına da payda bolmaqta.

Biraq, usı ko`lemdegi melioratsiya ilajların o`z waqtında a`melge asırıwdı finanslastırıw barısındag`ı, mashqalalar, awıl xojalıg`ı jerleri melioratsiyası da`rejesin jaqsılawdın` kem qa`rejet usıllarınan paydalanıwdı talap etedi.

Sonın` ishinde, ku`shli shorlang`an, ha`r qıylı ko`rinistegi erroziyag`a ushırag`an, awıl xojalıg`ı eginleri egilip, ju`da` kem zu`ra`a`t alınıp atırg`an jer maydanlarında ta`biyiy halda qayta tiklew jumısların a`melge asırıw maqsetke muwapıq bolıp tabıladı.

Usı jerlerdi ma`lim mu`ddetke awıl xojalıg`ı aylanısınan shıg`arıp, basqa jerler tipine o`tkizgen halda meliorativ halatın jaqsılaw ilajların a`melge asırıw lazım.

Jerlerdin` meliorativ halatın jaqsılawg`a qaratılg`an ilajlar dizminde eginlerdi jaylastırıw, siderat eginler egiw arqalı topıraq o`nimdarlıg`ın asırıw ayrıqsha a`hmiyetkeiye bolıp tabıladı.

Almaslap egiw dizimin bolsa a`melde engiziw, ha`r bir aymaqtın` sha`rayatların esapqa alg`an halda ha`m sonday-aq, ekologiyalıq ortalıqtı jaqsılaw ko`z-qarasınan eginler quramın optimallastırıw, jergilikli to`ginlerden ken` paydalanıw, respublikanın` jerlerinde bag`lar payda qılıw sıyaqlı ilajlar jer resurslarınan na`tiyjeli paydalanıw imkanın beredi.

Jer maydanlarının` meliorativ halatın jaqsılawda ekonomikalıq jen`illiklerden paydalanıw lazım. Sonın` ishinde, ha`r bir xojalıq ju`rgiziwshi sub`ekt ag`ımdag`ı jıldın` aqırında ha`r tu`rli jer resursları xızmetine usı jılda egilgen awıl xojalıg`ı eginleri o`nimdarlıg`ı, topıraq ball-boniteti boyınsha esabat tapsırıwı jolg`a qoyılıp, belgilengen topıraq kadastr bahasınan joqarı o`nimdarlıqqa erisken xojalıqlarg`a salıstırg`anda salıq jen`illikleri engiziw maqsetke muwapıq bolıp tabıladı.

Bunda jer maydanları ball-boniteti boyınsha alınıwı mu`mkin bolg`an o`nimdarlıq potentsialınan ha`r 5 tsentner zu`ra`a`t ushın bir gektar ushın belgilengen salıq mug`darın 10 protsentke qısqarttırıw usınıs etiledi. Bul ilaj jerden paydalanıwshılarda jer o`nimdarlıg`ın asırıwg`a materiallıq qızıg`ıw oyatadı.

İzertlewlerimiz ko`rsetiwinshe, Respublika boyınsha awıl xojalıg`ı aylanısına kiritilip, jan`adan o`zlestirilgen jerler tiykarınan jasaw ma`nzillerinen biraz uzaqta jaylasqan. Bul bolsa, qatar ekonomikalıq ha`m psixologiyalıq tosıqlar payda qılmaqta ha`m jan`a o`zlestirilgen jerlerde o`ndiristi sho`lkemlestiriwde artıqsha sarp qa`rejetler payda bolıwına alıp kelmekte.

Jan`a o`zlestirilgen sho`l aymaqlarındag`ı jerler o`zine ta`nligi, xalıq punktleri aymag`ına jaqın jaylasqan egin jerlerine salıstırg`anda to`mendegiler menen ajıralıp turadı:

- ma`deniylesken jerlerge salıstırg`anda jan`adan o`zlestirilgen sho`l aymag`ındag`ı jerler xojalıqlardın` texnikalıq qurallanıwı da`rejesi pa`seyip baratırg`anlıg`ı sebepli ko`birek miynet ku`shi talap qıladı;

- jer maydanları ta`biyiy o`nimdarlıg`ı pa`sligi (shorlanıw da`rejesi joqarılıg`ı);
- ma`deniylesken jerlerge salıstırg`anda miynet qılıw ushın sha`rayatlar kemligi, miynet qılıw awırlıg`ı;
- uzaq aymaqlarg`a barıp islep keliw ushın artıqsha transport qa`rejetleri talap etiliwi;
- ma`wsimli jumıslardı orınlawg`a jallanba jumısshılardı tartıw qıyınshılıg`ı ha`m salıstırmalı ko`birek qa`rejetler talap etiwi;
- jetistirilgen o`nimdi qabıllaw punktlerine jetkizip barıw, jergilikli ha`m mineral to`ginlerdi tasıw salıstırmalı kımbatlıg`ı sıyaqlı mashqalalar ha`zirgi ku`nde jerlerden na`tiyjeli paydalanıwdı jolg`a qoyıwg`a unamsız ta`sir ko`rsetpekte.

Respublikada gu`zgi basaqlı da`n egilgen maydanlarg`a zu`ra`a`t jıynastırıp alıng`annan son` qaytalamalı egin egiw maqsetinde, sabang`a puqaralar ta`repinen ot jag`ıp jiberiw halatları jıl sayın ko`beymekte. Na`tiyjede bul topıraqtın` o`nimdar bo`legindegi makro ha`m mikroflorag`a unamsız ta`sir ko`rsetip jerdin` o`nimdarlıq da`rejesi pa`seyiwine alıp kelmekte.

Usı halatlarg`a sheek qoyıw maqsetinde ha`m basaqlı da`nnen bosag`an maydanlarg`a ot qoyg`an shaxslarg`a salıstırg`anda keltirilgen zıyandı qaplaw sıyaqlı ja`riyma sharaların qollaw za`ru`r.

Respublika boyınsha jerden paydalanıw ha`m awıl xojalıg`ına jaramlı jer maydanları meliorativ halatın u`yreniw barısında a`melge asırılg`an izertlewlerimiz na`tiyjesinde talap ha`m usınıslar islep shıg`ıldı:

- jerden paydalanıw na`tiyjeliligin asırıwda ju`zege kelip atırg`an tiykarg`ı tosıqlardan biri jer maydanlarının` shorlanıw da`rejesi artıp barıwı esaplanadı. Bunda 30 protsentten artıq suwlı maydanlarda kollektor-drenajlar tarmag`ın tolıq qayta qurıw, basqa maydanlarda bolsa kollektor-drenajlar tarmag`ın remontlaw jumısların a`melge asırıw arqalı g`ana qaytıwına iye bolıw mu`mkin;
- jer maydanları shorlanıwına qarsı gu`resinde ekilemshi shorlanıwdın` aldın-alıw za`ru`r a`hmiyetke iye. Usı wazıypanı a`melge asırıw ushın shirket ha`m

fermer xojalıqlarına tiyisli bolg`an ishki xojalıq drenajları ha`m sonday-aq, xojalıqlar ara talap etiledi;

- awıl xojalıg`ı eginlerinen joqarı payda alıwdı ta`miyn etiwde shor juwıw jumısların sapası ha`m tpıraq quramı, shorlanıw da`rejesi, jer maydanları rel`efin esapqa alg`an halda a`melge asırıw lazım;
- respublikada awıl xojalıg`ı jerleri erroziyag`a ushırag`an aymaqlar ko`pligi erroziyag`a qarsı ilajlar a`melge asırılıwın talap etedi. Samal erroziyasına ushırag`an 2565 gektar maydandı rekul`tivatsiya qılıw ha`m iweu gektar maydanda tereklikler payda etiw birinshi da`rejeli jumıslardan esaplanadı. Bunda jerlerde zinapoyalar du`ziw, kanallar ha`m jarlıqlar jag`alap tereklikler payda etiw samal ku`shi joqarı bolg`an jerler ushın za`ru`r a`hmiyetke iye. Jen`il qumlı quramg`a iye bolg`an topıraqlı jerlerde aralıq eginlerden ken` paydalanıw maqsetke muwapıq;
- respublikada son`g`ı jıllarda jan`adan o`zlestirilgen 1500 gektar a`tirapındag`ı jerlerde topıraqtı ma`deniylestiriw, o`nimdar shirindili jerlerde qatlam payda qılıwg`a ayrıqsha a`hmiyet beriw lazım. Jan`a o`zlestirilge jerlerde da`slepki 5-6 jıl dawamında buyırtpa tiykarında rejelestiriletug`ın awıl xojalıg`ı eginleri emes, topıraq o`nimdarlıg`ın asırıwshı eginler egiw maqsetke muwapıq;
- suw joqshılıg`ı sezilip atırg`an ha`zirgi da`wirde eginlerdi suwg`arıwda jan`a texnologiyalardı qollaw, xojalıqlarg`a ekonomikalıq jaqtan na`tiyje keltiriwi menen birgelikte, suw erroziyasına qarsı gu`reste de u`lken na`tiyje beredi. Bunda jer maydanlarının` jaylasıw ornı, rel`efi, topıraq mexanikalıq quramına baylanıslı ra`wishte qarıqlardı belgilew, suwg`arıw normaların anıqlaw za`ru`r a`hmiyet iye;
- bug`an suwlı egin maydanları meliorativ halatı jamanlasıp baratırg`anlıg`ı menen bir qatarda almaslap egiw diziminin` izden shıg`ıwı da sebep bolg`an. A`sirese, shirket xojalıqları egin maydanları quramında egin maydanları kemeyip barıp, son`g`ı bes jıl dawamında ulıwma alg`anda egilmey qoyılıwı, topıraq ta`biyiy o`nimdarlıg`ın ekologiyalıq jaqtan o`te qa`wipsiz usıllar ja`rdeminde asırıw imkaniyatın keskin sheklegen.

Sonlıqtan da ilimiy tiykarlang`an almaslap egiw dizimin engiziw o`te aktual ma`selelerden esaplanadı. A`sirese, paxta ha`m g`a`lle jetistiriwge qa`niygelesken

fermer xojalıqlarında almaslap egiwdizimi ulıwma alg`anda ko`zde tutılmastan qalmaqta. Sebebi, fermer ijarag`a alg`an jer maydanına tolıq qa`niygeliginde ko`zde tutılg`an egin egiliwi (ma`mleket buyırtpasına kirgen awıl xojalıg`ı eginleri) jergilikli ha`kimiyat organları ta`repinen ra`wishte qadag`alanıp barılmaqta.

Joqarıdag`ı talap ha`m usınıslar respublikada suwg`arılatug`ın awıl xojalıg`ı jerlerinen paydalanıw na`tiyjeliligin ha`m jerler o`nimdarlıg`ın saqlap qalıw na`tiyjesinde eginler o`nimdarlıg`ın asırıwda za`ru`r a`hmiyetke iye bolıp tabıladı.

# II-Bap. Awıl xojalıg`ında jerden paydalanıw na`tiyjeliligin arttırıw ha`m eginler quramın optimallastırıw imkaniyatları

## 2.1 Awıl xojalıg`ı eginleri quramın optimallastırıw arqalı jerden paydalanıw na`tiyjeliligin arttırıw perspektivaları

Ma`lim bolg`anınday, respublikamızda awıl xojalıg`ına jaramlı jerler mug`darı ha`r qıylı faktorlar ta`sirinde kemeyip barmaqta. İzertlewlerimiz ko`rsetiwinshe, bul kemeyiw tiykarınan o`nimdar ha`m suwg`arılatug`ın jer maydanları esabına ju`z bermekte. Sebebi xalıq tiykarınan suwlı ha`m o`nimdar jerlerde jaylasqan jasaw ma`nzillerinde jasaydı, awıl xojalıg`ı o`nimleri bazarları da usı aymaqlarda jaylasqan. Demek, keleshekte de xalıq jasaw orınları ken`eyiwi esabına suwg`arılatug`ın o`nimdar jerler mug`darı kemeyip baradı.

Bunın` u`stine tiykarg`ı awıl xojalıg`ı eginleri suwg`arılatug`ın diyxanshılıq sha`rayatında egip o`stiriledi, sonın` menen birge, diyxanshılıq suw resursları menen tikkeley baylanıslı. Biraq, awıl xojalıg`ında paydalanıw mu`mkin bolg`an suw resursları da o`te shegaralı. Sonlıqtan ko`pshilik hallarda ıqlım o`zgerisi esabına suw defitsitligi halatları tez-tez ju`z bermekte.

Bul mashqalalar respublikamız sha`rayatında suwg`arılatug`ın diyxanshılıq aymaqlarındag`ı jer ha`m suw resurslarınan paydalanıw na`tiyjeliligin asırıp barıw ma`selesine ayrıqsha itibar beriwdi talap etedi.

Awıl xojalıg`ı tarmag`ında bazar mu`na`sibetleri rawajlanıp barıwı bul mashqalalardı sheshiwge ulıwma alg`anda basqasha jantasıw lazımlıg`ın talap qılmaqta. Usı ta`repten de ha`r qıylı xojalıq ju`rgiziw tu`rleri is ju`rgizip atırg`an sha`rayatta awıl xojalıg`ına jaramlı jerlerden, eginler quramın jetilistiriw tiykarında asırıw boyınsha ilimiy-a`meliy usınıslar islep shıg`ıw ha`m olardı a`meliyatqa engiziw za`ru`r a`hmiyetke iye bolmaqta.

Ha`zirde a`melge asırılı atırg`an ekonomikalıq reformalar bag`darlarına itibar beretug`ın bolsaq, awıl xojalıg`ı o`ndirisinde jaqın keleshekte shirket xojalıqları salmag`ı keskin kemeyip, fermer xojalıqları prioritet da`rejede rawajlanıp baradı.

Respublika Prezidentinin` «Awıl xojalıg`ında reformalardı teren`lestiriwdin` en` za`ru`r bag`darları tuwrısında»g`ı PF-3226 sanlı Pa`rmanınan kelip shıqqan halda to`mendegilerde itibar beriledi:

- xojalıqlarda eginlerdi jaylastırıw ha`m eginler o`nimdarlıg`ı rejelerin joqarıdan tapsırma bermeslik;

- awıl xojalıg`ı ka`rxanalarına o`nimlerdi satıw da`ramattı bo`listiriw ha`m o`z mu`lkin iyelik etiwde g`a`rezsizlik beriw;

- ta`miynat, tayarlaw, bank ma`kemelerit ja`ne de fermer xojalıqların ma`plerin xojalıqların jaqlap is ju`rgiziwi sıyaqlı ma`selelerge ayrıqsha itibar beriwdi talap etedi.

Fermer xojalıqlarına uzaq mu`ddetli ijarag`a berilgen jer maydanların shirket xojalıqları balansınan shıg`arıp, fermer xojalıqları balansına o`tkiziw boyınsha belgili ilajlar a`melge asrılmaqta.

Xalıq tıg`ızlıg`ı boyınsha respublikada belgili orınlardan birin iyelewshi Qaraqalpaqstan Respublikası egin maydanların optimallastırıw tiykarında jerden paydalanıw na`tiyjeliligin asırıw ma`selesi u`lken a`hmiyetke iye.

Eginler quramın optimallastırıwda topıraqtın` tek g`ana ball-bonitetlerde esapqa alınıwshı o`nimdarlıg`ın. Ba`lki mexanikalıq quramın da esapqa alıw za`ru`r.

Respublika topırag`ının` mexanikalıq quramı boyınsha keskin parq qılıwshı aymaqlardan ibarat. Bug`an tiykarınan aymaq maydanında qubladan arqag`a ag`ıp tu`sken bir qansha tu`rleri barlıg`ı sebep. Bulardın` joqarı bo`legi taslaq ha`m tas aralas topıraq, orta bo`legi bo`z topıraqlı, to`mengi bo`legi jer astı suwı jaqın bolg`an, ha`r tu`rli da`rejede shorlang`an batpaq topıraqlardan ibarat.

Respublikanın` qubla bo`liminde jaylasqan xojalıqlarında ko`lemdegi aqırg`ı qıraw tu`siwi wa`layat aymag`ı basqa jaylarındag`ıg`a qarag`anda shama menen 6-10 ku`n uzag`ıraq dawam etedi. Na`tiyjede, bul aymaqta respublika boyınsha jıllıq ortasha na`tiyjeli temperaturag`a salıstırg`anda 180-200 S° kem na`tiyjeli temperatura toplanadı. Demek, buljerlerde ıssı su`yer eginler jaylastırılmaslıg`ı lazım. Keri halda bunday eginler sonnan, paxta o`nimi jetiliwi keshigiwi mu`mkin.

Bul bolsa o`nimdi jıynastırıw jawın-shashınlı ku`nlerge qalıp ketip, o`nim sapası pa`seyiwine alıp keledi.

O`ndiris ekonomikalıq na`tiyjeliligi tek g`ana topıraq o`nimdarlıg`ına, ba`lki o`ndiristi sho`lkemlestiriw, basqarıw diziminin` bazar talaplarına juwap beriwi, ka`rxananın` mamanlı basshı ha`m qa`niygelerge iyeligi, materiallıq-texnika bazasının` ulıwma ahwalı, xızmetler ko`rsetiw tarawının` rawajlanıw da`rejesi sıyaqlı faktorlarg`a da baylanıslı bolıp tabıladı. Biraq, ba`rshe sha`rayatlar (sırtqı faktorlar) ten` halatta topıraq o`nimdarlıg`ı awıl xojalıg`ı eginleri o`nimdarlıg`ı artıwın ta`miyn etiwshi tiykarg`ı faktor esaplanadı.

O`ndiris ekonomikalıq na`tiyjeliligine ko`plep sırtqı faktorlar ta`sir ko`rsetiwin, bunda jer ta`biyiy o`nidarlıg`ı sheshiwshi faktorlardan biri ekenligin esapqa alg`an halda, ekonomikalıq na`tiyjelilikti ta`miyn etiwshi tiykarg`ı ko`rsetkishlerden biri esaplanıwshı o`nimdarlıq boyınsha maqvsetke muwapıq. bunda tiykarg`ı egin tu`ri tiykar sıpatında qabıl qılınıwı lazım. Bizin` mısalımızda tia`karg`ı sıpatında paxta qabıl qılıng`an.

Bul maqsetti a`melge asırıw ushın Respublikanın` miynet resursları menen ta`miyn etilgenlik, mineral to`ginler ta`miynatı boyınsha, o`nim jetistiriw ushın bir gektar jer maydanına sarp etilgen materiallıq pul qa`rejetleri mug`darı ha`m basqa ko`rsetkishleri jag`ınan bir-birine jaqın bolg`an 20 shirket xojalıg`ı tan`lap alındı.

Baqlaw na`tiyjeleri sonı ko`rsetpekte, u`yrenilgen shirket xojalıqlarında ba`rshe topıraq tu`rleri boyınsha normativ ortasha bir ball-bonitet esabına jetistiriletug`ın paxtanın` 30 protsentinen kemirekti quraydı.

En` joqarı o`nimdarlıq bolsa 78 ball-bonitetine iye bolg`an eski suwg`arılatug`ın bo`z otlaqlı topıraqlarda baqlanıp, 25 tsentnerdi qurag`an. Bul bir ball-bonitet esabına jetistiriletug`ın normativ ko`rsetkishke salıstırg`anda 20 protsentke kemirekti quraydı.

Demek, u`yrenilgen shirket xojalıqlarında jerden paydalanıw na`tiyjeliligi tek g`anatopıraq ball-bonitetine baylanıslı halda qa`liplespekte, blkim, bug`an basqa sho`lkemlestiriw-ekonomikalıq faktorlar da o`z ta`sirin o`tkizbekte. Bunday

faktorlardın` tiykarg`ılarınan biri jerge islew beriw sapası pa`sligi ha`m agrotexnika qag`ıydalarına a`mel etiwdin` talapqa juwap bermesligi esaplanadı.

Aydaw traktorları tiykarın jan`adan satıp alıng`an «Magnum» markasındag`ı aydaw traktorları quraydı. İlgeri satıp alıng`an shınjırlı aydaw traktorları («T-4A», «DT-75», «VT-100») o`tken bes jıl ishinde derlik 10 barabarg`a kemeygen.

Respublikada shabıw traktorlarının` da derlik 40-45 protsenti o`z xızmet mu`ddetin o`tep bolg`an, olardın` sanı da jıldan-jılg`a qısqarıp barmaqta.

Awıl xojalıg`ı texnikaları sanı kemeyip baratırg`anlıg`ı, bar texnikalardın` xızmet mu`ddetleri tamamlanıp, jumısqa jaramlılıq da`rejesi pa`seyip ketiwi awıl xojalıg`ı o`nimleri jetistiriw ekonomikalıq na`tiyjeliligi pa`seyiwine alıp kelmekte.analizler ko`rsetiwinshe, respublika boyınsha awıl xojalıg`ında normalarg`a salıstırg`anda texnikalar menen ta`miynlengenlik da`rejesi pa`seyiwi baqlanbaqta. Sonnan, belgilengen normag`a salıstırg`anda aydaw traktorları 13,4 protsentti, shabıw traktorları 112,4 protsentti, transport traktorları bolsa 178 protsentti quramaqta.Ha`zirgi waqıtta o`z xızmet mu`ddetin o`tegen awılxojalıg`ı texnikların ha`m jumısshı agregatların qayta remontlaw ushın sarp qılıng`anmiynet ha`m materiallıq-texnikalıq resurslar sarpı o`zin ekonomikalıq jaqtan aqlamaydı. Bul, birinshiden, agrotexnikalıq ilajlardı o`z waqtında ha`m sapalı orınlaw imkaniyatı kemeyiwi esabına o`nimdarlıq pa`seyiwi, o`nim sapası jamanlasıwı, sonday-aq, tikkeley qa`rejetler arqalı sa`wlelenedi.

Topıraq o`nimdarlıg`ın asırıw, meliorativ halatın jaqsılawg`a, sonday-aq, sharwashılıq tarawın ot-jem menen ta`miyn etiwge tiykar jaratatug`ın egin maydanları bolsa 1990-2010 jıllar dawamında 18 ma`rtebege kemeygen. Bul bolsa ko`plep unamsız aqıbetlerge alıp kelmekte. Yag`nıy:

- bar eginler quramı masshtabında ilimiy tiykarlang`an almaslap egiw dizimin jolg`a qoyıw izden shıqqan;

- topıraqtan ko`birek mug`dardag`ı azıqlanatug`ın zatlardı alıp shıg`ıp ketiwshi eginler almaslap egiliwi yaki uzaq jıllar dawamında bir tu`rdegi egindi bir maydanda egiw halatı dawam etpekte;

- awıl xojalıg`ına eginlerinen joqarı payda alıw ushın ko`p mug`darda mineral to`ginler esabına azıqlandırıw talap etilgeni halda, to`gin ta`miynatı 60-70 protsentti qurıwı eginler o`nimdarlıg`ı pa`seyiwine alıp kelmekte;

- almaslap egiw dizimi izden shıg`ıwı esabına ma`lim tu`rdegi eginlerge ta`n bolg`an kesellik ha`m zıyankesler ko`beyiwi esabına zu`ra`a`t kemeyiwi ha`m o`nim sapası pa`seyiwi baqlanbaqta;

- kesellik ha`m zıyankeslerge qarsı gu`resiw maqsetinde ko`plep mug`dardag`ı za`ha`rli ximikatlar isletiliwi topıraqtag`ı paydalı mikroorganizmler nabıt bolıwına, a`tirap-ortalıq, suw, hawa iplaslanıp, ekologiyalıq mashqalalar ju`zege keliwine sebep bolmaqta.

Joqarıdag`ı ba`rshe mashqalalar aqır-aqıbette jer maydanı birligi esabına jetistiriletug`ın jalpı awıl xojalıg`ı o`nimleri, jalpı da`ramat kemeyiwine ha`m artıqsha resurs sarpına alıp kelmekte.

Respublikada topıraq o`nimdarlıg`ı keskin pa`seygenligi joqarıdag`ı faktorlar ta`sirinde ju`z bergen. Sonnan, 1990-2010 jıllar dawamında topıraq o`nimdarlıg`ı respublika boyınsha ortasha 66 balldan 56 ballg`a tu`sip qalg`an.

Juwmaq qılıp aytıwımız mu`mkin, respublika boyınsha paxta o`nimdarlıg`ı o`zgerisin boljawda ekstropolyatsiya metodınan paydalanıw o`zin aqlamaydı. Sonın` ushın da paxta jetistiriw ko`rsetkishlerin boljawda tarmaqtı rawajlandırıwdın` sho`lkemlestiriw-ekonomikalıq faktorlarına ken`irek tayang`an halda keleshek ko`rsetkishleri anıqlanıwı lazım.

Respublika awıl xojalıg`ındag`ı bar halat jerden paydalanıw ekonomikalıq na`tiyjeliligin asırıw shara-ilajların a`melge asırıwdı talap etedi.

Awıl xojalıg`ında jerden paydalanıw na`tiyjeliligin asırıw jollarınan biri eginler quramın jetilistiriw esaplanadı. Bunda eginler quramının` optimal salıstırmasın tabıw ha`m onı resurslar ta`miynatı ko`z-qarasınan rawajlandırıp barıw lazım.

Awıl xojalıg`ı jerleri topıraq o`nimdarlıg`ı pa`seyip barıwının` aldın-alıw ha`m onı asırıp barıw maqsetinde eginler quramın 2015 jılg`a shekem bolg`an da`wirde a`ste-aqırınlıq penen o`zgerttirip barıw usınıs etiledi. Bul ilaj awıl

xojalıg`ı eginleri o`nimdarlıg`ı ha`m ekonomikalıq na`tiyjelilik ko`rsetkishleri artıwı arqalı da sa`wlelenedi.

İzertlewlerimiz na`tiyjelerine tayang`an halda respublika boyınsha 2010-2015 jıllar dawamında awıl xojalıg`ı egin maydanları quramı o`zgerisi keleshek ko`rsetkishleri islep shıg`ıldı.

Respublikada paxta ha`m g`a`lle egin maydanları o`zgerisin esap-kitap qılıwda, paxta ha`m g`a`lle jetistiriwde erisilgen na`tiyjeler ha`m ma`mleket buyırtpasın orınlaw tiykar sıpatında qabıl qılındı. Sonın` ishinde, paxta egin maydanları kemeyiwi esabına palız ha`m miywe egin maydanların ko`beyttiriw imkanı tuwıladı.

Palız eginleri qaytalamalı eginlersiz 2500 gektardan 4000 gektarg`a shekem, palız eginleri 1600 gektardan 3000 gektarg`a shekem artıwı ko`zde tutıladı. En` tiykarg`ısı, topıraq o`nimdarlıg`ın asırıwda za`ru`r a`hmiyetke iye bolıwshı ot-jem eginleri, sonnan, egin maydanların ko`beyttiriwge imkan tuwıladı.

Usı menen birgelikte g`a`lle eginleri maydanların ko`beyttiriw talap etiledi. Usı eginler tiykarınan basqa eginler ushın belgilengen maydanlarg`a egiliwi ko`zde tutılmaqta. Respublikada 2010-2015 jıllar dawamında egin maydanları quramı o`zgeriwi awıl xojalıg`ı ka`rxanaları ta`repinen jetistiriletug`ın tiykarg`ı o`nim paxta ha`m g`a`lle mug`darının` kemeyiwine alıp kelmeydi.

Ha`zirgi waqıtta almaslap egiwdi engiziw esabına topıraq o`nimdarlıg`ın asırıw, tuqım kesellik ha`m zıyankeslerinin` kemeyiwi, agrotexnikalıq ilajlardı o`tkiziw mu`ddetleri ha`m qag`ıydalarına a`mel etiw, bar resurslardan na`tiyjelirek paydalanıw na`tiyjesinde ta`miynlenedi. Sonday-aq, o`nimdarlıg`ı pa`s (40 balldan kem bolg`an) jer maydanlarg`a paxta jetistiriw usınıs etilmeydi. Bul da respublika boyınsha ortasha o`nimdarlıqtın` artıwına ha`m o`nim o`zine tu`ser bahasının` pa`seyiwine tiykar jaratadı.

Biraq usı menen birgelikte, respublikada paxta o`nimdarlıg`ın asırıp barıw bir qatar sho`lkemlestiriw-ekonomikalıq shara-ilajlardı a`melge asırıwdı talap etedi. Olar tiykarınan to`mendegilerden ibarat bolıwı lazım:

- jer maydanları shorlanıwının` aldın-alıw ilajların qollaw, shor juwıw jumısları na`tiyjeliligin asırıw. bunda respublikada baqlanıp atırg`an, shor suwlardın` pa`ske ketiwine tosıq bolıp atırg`an 60-80 sm. teren`liktegi qattı qatlamdı jarıw ushın teren` jumsatqıshlardan ken` paydalanıw;

- awıl xojalıg`ı ka`rxanalarında texnika jetispewi na`tiyjesinde gu`zgi jumısları keshigiwi, egiw ushın jer maydanların tayarlaw sapaları pa`sligi sebepli, awıl xojalıg`ı texnikaları lizingin rawajlandırıw;

- son`g`ı jıllarda respublikada paxta o`nimdarlıg`ı pa`seyiwine tuqımnın` zıyankeslerge qarsı gu`resiw jumısları jaqsı jolg`a qoyılmaslıg`ı da sebep bolmaqta. Sonlıqtan biolaboratoriyalar materiallıq-texnikalıq bazasın jaqsılaw ilajların a`melge asırıw;

- paxta o`nimdarlıg`ı tuwrı sort tan`law, respublikanın` ta`biyiy-ıqlım sha`rayatlarına say keletug`ın sortlardı sınap ko`riw, paxta tuqımshılıg`ı dizimin jetilistirip barıw ayrıqsha a`hmiyetke iye;

- paxta o`nimdarlıg`ı artıwında paxtakesh diyxanlardın` ekonomikalıq erkinligin ta`miyn etiw, materiallıq ma`pdarlıg`ı ma`selesin sheshiw tiykarg`ı orınlardan birin iyeleydi. Sonlıqtan, ma`mleket buyırtpasınan artıqsha jetistirilgen paxta talası esabınan fermerdi qollap-quwatlawdın` na`tiyjeli mexanizmin engiziw lazım.

Awıl xojalıg`ı eginleri ha`m egin maydanları quramın optimallastırıw na`tiyjesinen ku`tilip atırg`an na`tiyje eginler o`nimdarlıg`ın asırıw g`ana emes, ba`lki, keleshek a`wladqa tiykarg`ı baylıg`ımız esaplang`an jerdi meliorativ halatı ha`m sapasının` pa`seyip ketiwine jol qoymag`an halda jetkiziw bolıp tabıladı. Bul, a`sirese, ekologiyalıq mashqalalardın` unamsız na`tiyjeleri anıq sezilip baratırg`an ha`zirgi da`wirde ja`ne de aktuallaspaqta.

Jer maydanlarının` o`nimdarlıg`ın saqlap qalıw, asırıp barıw bir jıllıq, eki jıllıq mu`ddette eginler o`nimdarlıg`ın asırıwg`a salıstırmalı za`ru`rlirek ma`sele esaplanadı. Sonlıqtan da rawajlang`an ma`mleketlerde ma`lim jıllarda awıl xojalıg`ı o`nimleri jetistiriwden waz keship bolsa da (egin egilmesten qaldırıw), jer

o`nimdarlıg`ın asırıwg`a u`lken a`hmiyet beriledi ha`m bul ilajg`a ma`mleket ko`lemindegi siyasat sıpatında qaraladı.

Respublikada awıl xojalıg`ı jerleri o`nimdarlıg`ın asırıp barıw wazıypasın sheshiw tiykarınan to`mendegi ilajlar esabına a`melge asırıladı:

- jerden paydalanıwda ijara mu`na`sibetlerin engiziw na`tiyjesinde fermerdi jerdin` haqıyqıy iyesi statusına jaqınlastırıw arqalı jerden paydalanıw ekonomikalıq na`tiyjeliligin asırıw;

- keleshegi bolmag`an shirket xojalıqları ornında hu`kimet qararı tiykarında fermer xojalıqların sho`lkemlestiriw na`tiyjesinde jer maydanları fermerlerge uzaq mu`ddetli ijarag`a beriledi, sonday-aq, fermerlerge ajıratılg`an jerler do`gereginde jaylasqan irrigatsiya-melioratsiya qurılmaları fermer balansına o`tkiziliwi jerler melioratsiyası jaqsılanıwına jag`day tuwdıradı;

- fermer ta`repinen jer maydanları melioratsiyasın jaqsılaw ushın bag`darlang`an qarjılar ma`mleket ta`repinen qollap-quwatlaw sıpatında beriliw maqsetke muwapıq. bunda jer meliorativ halatın jaqsılawg`a bag`darlang`an qarjılardı mu`na`sip ra`wishte salıq jen`illikleri menen ta`miyn etiw; jen`illikli tiykarda materiallıq-texnika resurslar jetkizip beriw; ma`mleket resursları esabınan jen`illikli kreditler menen ta`miyn etiw sıyaqlı bag`darlarınan paydalanıw mu`mkin;

- kollektor-drenaj tarmaqların tazalaw, sapalı shor juwıw arqalı jer meliorativ halatın asırıw za`ru`r a`hmiyetke iye bolıp tabıladı;

- jer maydanların belgili ra`wishte mineral to`ginler menen jeterli mug`darda azıqlandırıw bul protsess agrotexnikalıq kartalar boyınsha ilimiy tiykarda a`melge asırılıwı lazım;

- jer maydanları quramında egin maydanları salmag`ı 0,1 protsentten artıwı esabına sharwashılıq tarmag`ın rawajlandırıw ushın azıqlandırıw bazasın bekkemlew imkanı tuwıladı, sonday-aq, egin maydanların organikalıq to`ginler menen azıqlandırıwg`a sha`rayat jaratıladı. Usı mu`na`sibet penen jer maydanların almaslap to`ginlew dizimin engiziw maqsetke muwapıq;

- egin maydanları ekologiyalıq halatın saqlawda ha`m eginler o`nimdarlıg`ın asırıwda basqa otlarg`a qarsı gu`restin` na`tiyjeli dizimin engiziw lazım. Bunda agrotexnikalıq ilajlar menen bir qatarda basqa otlarg`a gu`restin` ximiyalıq metodlardan da ken` paydalanıw maqsetke muwapıq.

Ulıwma alg`anda, egin maydanları quramın optimallastırıw protsessi ma`lim da`wirler dawamında Jamiyettegi sotsial-ekonomikalıq jag`daylardan kelip shıg`ıp, ba`rqulla ra`wishte dawam etiwshi protsess esaplanadı. Bunda tiykarg`ı itibar ekonomikalıq mashqalalardı sheshiwge (egin maydanı birligi esabınan ko`birek da`ramat alıw wazıypasın sheshiw) qaratılsa da, usı maqsetke sho`lkemlestiriw, agrotexnikalıq ha`m ekologiyalıq mashqalalardı sheshpesten turıp erisip bolmaydı. Sonlıqtan, egin maydanları quramın jetilistirw tek g`ana siyasiy yaki ekonomikalıq faktorlar ta`siri astında, ba`lki kompleks jantasılg`an halda a`melge asırılıwı baqlang`an na`tiyjelerge erisiw imkaniyatın beredi.

## 2.2 Awıl xojalıg`ı eginleri quramın optimallastırıwdı matematikalıq modellestiriw

Awıl xojalıg`ı eginlerin aqılg`a muwapıq jaylastırıw, en` aldın-ala, bar jer-suw, miynet resurslarınan, tiykarg`ı ha`m aylanba qurallardan, finanslıq qarjılardan paydalanıw na`tiyjeliligin asırıw ornına ko`birek ha`m sapalıraq o`nim jetistiriw arqalı Jamiyet ag`zalarının` turmıs pa`rawanlıg`ın asırıw maqsetinde a`melge asırıladı.

Bunda, zamanago`y ekonom bolg`an texnologiyalar ha`m agrotexnikalıq ilajlardan paydalanıw ornına o`nim jetistirw qa`rejetleri mug`darın kemeyttiriw tiykar bolıwı lazım.

Awıl xojalıg`ı eginlerin aqılg`a muwapıq jaylastırıw sha`rtlerinen biri awıl xojalıg`ı o`ndirisinin` o`zine ta`n qa`siyetlerinen ha`m jaylastırıwg`a ta`sir etiwshi faktorlardan na`tiyjeli paydalana biliw esaplanadı.

Eginlerdi jaylastırıw ayrıqsha tovar o`ndiriwshiler ma`pleri, tutınıwshılar ma`pleri ko`z-qarasınan a`melge asırılıwı lazım. Sebebi, ayrıqsha tovar

o`ndiriwshiler bazar sha`rayatında birden-bir maqset qaray – o`z xızmetlerijuwmaqları boyınsha alatug`ın da`ramatları mug`darın asırıw ushın ha`reket qılıp, ba`rqulla da o`nimlerinin` ma`pleri menen qızıqpaydı. Sonday-aq, ayrıqsha tovar o`ndiriwshiler ha`m tutınıwshılar ma`pleri ha`r waqıt ta Jamiyettin` ulıwma ma`pleri menen sa`ykes qala bermeydi. Tap usı ma`pler uyg`ınlıg`ına erisiw eginlerdi jaylastırıwda esapqa alıwın talap qıladı.

Awıl xojalıg`ı eginlerin aqılg`a muwapıq jaylastırıwdın` za`ru`r sha`rti jetistiriw rejelestirilip atırg`an o`nim tu`rlerine bolg`an talaptın` barlıg`ı, ishki ha`m sırtqı bazar kon`yunkturası, onın` o`zgeris halatın esapqa alıw bolıp tabıladı.

O`ndirilgen o`nimlerdi joqarı bahag`a iye bolg`an bazarlarda, o`ndiriwshi ushın paydalı waqıtlarda ha`m ko`lemde satıw ma`selesi bazar sha`rayatında tiykarg`ı orınlardan birin iyelewi lazım. Usı ta`repten o`nim o`ndiriw maksimal da`rejede bazar talabına sa`ykeslestiriliwi, basqasha aytqanda bazarda satılıwı mu`mkin bolg`an o`nimler beretug`ın awıl xojalıg`ı eginlerin jaylastırıw xojalıqlar is ha`reketinin` ekonomikalıq na`tiyjeliligin asırıw imkaniyatın ta`miyn etedi.

Eginlerdi jaylastırıwda bazardı esapqa alıw, en` aldın-ala, to`mendegi da`stu`rli sorawlarg`a  juwap tabıwdı talap etedi:

- qanday o`nim jetistiriw lazım? Bul sorawg`a juwap tabıwda respublikamız ishki awıl xojalıg`ı o`nimleribazarı talabı ha`m sırtqı bazar talabı ko`zde tutılıp, xojalıqlardın` usı bazarlarg`a shıg`ıw imkaniyatlarınan kelip shıg`adı;
- Awıl xojalıg`ı o`nimlerin qansha mug`darda jetistiriw lazım? Bul jerde jetistiriw ko`zde tutılıp atırg`an o`nimlerdi sırtqı bazarg`a alıp shıg`ıwdın` ha`m sata biliwdin` real imkaniyatları, sonday-aq, bunday imkaniyat anıq xojalıqlar ha`m aymaqlar ushın sheklengen bolsa, o`ndiriwshi ushın en` qolay ishki bazarlarda satıw imkaniyatları, ol jerdegi talap mug`darı ha`m ishki bazarlarda satıw imkaniyatları, ol jerdegi talap mug`darı ha`m onın` o`zgerisi esapqa alınadı. Bunnan tısqarı, ma`lim tu`rdegi o`nimdi jetistiriw ushın bar jer-suw ha`m miynet resurslarının` qansha bo`legi ba`nt bolıwı kerekligin ha`m bunın` basqa tarawlar ushın muwapıq keliw da`rejesin anıqlaw talap qılınadı;

- o`nimlerdi qanday qılıp jetistiriw lazımlıg`ı sheshiledi. Bul jerde o`ndiriwdi sho`lkemlestiriw ma`selesine, shirket xojalıqları, fermer xojalıqları yaki diyxan xojalıqlarında usı o`nimlerdi jetistiriwdi jolg`a qoyıw maqsetke muwapıqlıg`ına anıqlıq kiritiledi. Usı o`nimlerdi jetistiriwde qanday texnologiyalardan paydalanıw, bunın` o`nim sapası ha`m o`zine tu`ser bahasına unamlı ta`sir etiw ma`selesi sheshiledi;
- jetistiriliwi ko`zde tutılıp atırg`an o`nimlerdin` tutınıwshıları kimler bolıwı kerek? Bul jerde o`nim qaysı bazar ushın jetistiriliwi ha`m anıq tutınıwshılar ko`zde tutılıp, tikkeley tovar islep shıg`arıwshının` usı bazarlar menen baylanısları, bunday baylanıslardı jolg`a qoyıw imkaniyatları ha`m usı taraw qa`niygelerine iye bolıw ma`seleleri sheshiledi. Sonday-aq, jetistirilgen awıl xojalıg`ı o`nimlerin en` kem nabıtgershilikler esabına ha`m sapası pa`seyiwine jol qoymag`an halda, en` kem qa`rejetler ornına tutınıwshılarg`a jetkizip beriw dizimi imkaniyatları ko`zde tutıladı;
- eginlerdi jaylastırıw esabına ko`zde tutılıp atırg`an awıl xojalıg`ı o`nimlerin jetistiriw texnologiyalıq dizimi tez o`zgerip barıwshı bazar kon`yunkturasına sa`ykeslesiw qa`biletine iyeme? Usı sorawg`a juwap tabıw za`ru`rligi usı menen belgilenedi, bazar sha`rayatında, a`sirese, bazar mu`na`sibetleri tolıq qa`liplesip u`lgeriwi ushın ma`lim waqıt talap etetug`ın respublikamız sha`rayatında bazardag`ı talap turaqsız bolıp, bul halat ha`r jılı xojalıqlarg`a ko`plep zıyan keltirmekte.

Ha`r bir awıl xojalıg`ı egini o`zine ta`n mashinalar dizimi, texnologiyalıq protsessler ha`m qa`niygeler mamanlıg`ın talap qıladı. Usı jaqtan kem qa`rejetler ha`m jog`altıwlar ornına bazarg`a sa`ykeslese biliw imkaniyatları xojalıqlardın` finanslıq turaqlılıg`ı girewi bolıp tabıladı. Bul bolsa, eginlerdi jaylastırıwda usı ma`selege itibar beriwdi talap etedi.

Awıl xojalıg`ı eginleri quramın optimallastırıw ma`selesi, en` aldın-ala, bazar talabına sa`ykeslesiw ha`m ha`r bir aymaqtın` ta`biyiy-ıqlım sha`rayatları, topıraq o`nimdarlıg`ı, meliorativ halatı sıyaqlı za`ru`r ta`replerin esapqa alg`an halda a`melge asırıladı.

İzertlewler ko`rsetiwinshe, Respublikada ha`r bir aymaqta topıraq tu`rleri ha`m o`nimdarlıg`ı boyınsha bir-birinen sezilerli da`rejede parq qıladı. Sonday-aq, suw ta`miynatı da`rejesi, diyxanlar ta`repinen ma`lim tu`rdegi o`nimlerdi o`stiriw barısında qa`liplesken ta`jiriybeler, jergilikli da`stu`rler ha`m basqa usı sıyaqlı faktorlar da itibarg`a alınıw lazım. Bazar sha`rayatında bunday parqlardı esapqa alıw egin tu`rlerin optimal jaylastırıw ha`m o`ndiris ekonomikalıq na`tiyjeliligin asırıwda u`lken a`hmiyet iye bolıp tabıladı.

Respublika awıl xojalıg`ı jerleri o`nimdarlıg`ı ha`m resurs ta`miynatı da`rejesin u`yreniw tiykarında rayonlar yaki ayrıqsha xojalıqlar boyınsha, awıl xojalıg`ı eginleri quramın optimallastırıw ha`m o`nim jetistiriwdin` optimal quramın islep shıg`ıw ushın da`slepki mag`lıwmatlar deregei jaratıladı.

Bunda tiykarg`ı o`lshem sıpatında bir gektar egin maydanı esabınan alınıwı mu`mkin bolg`an sap payda mug`darın maksimallastırıw wazıypası qabıl qılınıwı yaki basqa wazıypa qoyılıwı mu`mkin.

Bul izertlewde egin maydanı birligi esabınan alınatug`ın payda mug`darın maksimallastırıw tiykarg`ı wazıypa sıpatında ilgeri su`rilgen.

Usı maqsette, ekonomikalıq-matematikalıq model`di jaratıwda Respublikada is ju`rgizip atırg`an shirket yaki fermer xojalıqları yaki birde-bir rayonnın` o`ndiriw halatı esabına alınıwı mu`mkin. Olar to`mendegilerden ibarat bolıwı maqsetke muwapıq:

- paxta-g`a`lleshilikke qa`niygelesken aymaqlar barlıg`ı;

- paxtashılıq xojalıqlarında bolsa paxta-g`a`lle, paxta-tuqım, palızshılıqqa qa`niygelesken xojalıqlarda g`a`lle-palız eginleri ha`m basqa tarawg`a qa`niygelesken xojalıqlarında basqa tu`rdegi almaslap egiw usılların qollaw;

- paxtashılıq ha`m g`a`lleshilikke qa`niygelesken xojalıqlarda ot-jem eginlerine u`lken maydanlardı ajıratıw imkaniyatı sheklengenligin esapqa alıng`an halda, sharwashılıq tarmaqların sho`lkemlestiriwdi ko`zde tutıw;

- jerlerden na`tiyjeli (bar resurslar do`gereginde) paydalanıw;

Xojalıqlardag`ı bar imkaniyatlar ha`m qoyılg`an tiykarg`ı wazıypa do`gereginde qa`niygelestiriw ha`m o`ndiristi jaylastırıw printsiplerine a`mel qılıw ha`m basqalar.

Bul qa`siyetlerdi esapqa alg`an halda model`din` texnikalıq-ekonomikalıq ko`rsetkishleri ha`m sha`rtli belgileri islep shıg`ıldı.

Paxta, g`a`lle, palız ha`m basqa diyxanshılıq o`nimlerin jetistiriw ha`m eginlerdi jaylastırıw, bar egin maydanları ha`m suw resursları sıyaqlı faktorlar da esapqa alıng`an halda model`ge kiritilgen.

Awıl xojalıg`ı eginlerinen alınatug`ın zu`ra`a`t normativ usıllarg`a tiykarlang`an halda ha`m a`melde erisilgen haqıyqıy ko`rsetkishler tiykarında esaplap shıg`ıladı. Awıl xojalıg`ı o`nimleri jetistiriw ha`m eginlerdi optimal jaylastırıw ma`selesin eki basqıshta sheshiw mu`mkin. Birinshisi, respublika masshtabında ha`m ekinshisi, birde-bir xojalıq masshtabında. Eki halatta islep shıg`ılg`an na`tiyjelerden de xojalıqlar yaki rayonlar masshtabında paydalanıw yaki olar tiykarında nızamlılıqlardı ajıratıp alıw mu`mkin boladı.

Birinshi basqıshta eginlerdi almaslap egiw printsipleri esapqa alınbaydı. Ekinshi halatta bolsa xojalıq qa`niygeligi, almaslap egiwdi engiziw, eginlerdi mu`ddetli jaylastırıw tolıq esapqa alıng`an. Awıl xojalıq eginleri quramın optimallastırıw modeli ekinshi variant penen, yag`nıy bir xojalıq mısalında a`melge asırıwg`a tiykarlanadı.

Qoyılg`an wazıypag`a tiykarlanıp, wazıypanı orınlawdın` birinshi basqıshında egin maydanları quramı ha`m ol menen baylanıslı bolg`an ko`rsetkishler, yag`nıy o`nimdarlıq, normalar boyınsha resurslar sarpı sıyaqlı ko`rsetkishler anıqlanadı.

Bul bolsa qatar ko`rsetkishlerdi anıqlaw, orınlanıp atırg`an wazıypa boyınsha sheklewlerdi quralıwı ha`m isletilip atırg`an resurslar ha`m o`nim shıg`ıwı boyınsha sheklewler o`zgermegen sha`rayatta da`slepki optimallastırıw na`tiyjelerin alıw imkanın berdi.

Ha`zirgi waqıtta respublikamızda ha`r qıylı xojalıq ju`rgiziw tu`rlerinen biri bolg`an fermer xojalıg`ında eginler quramın optimallastırıw protsessinde to`mendegi wazıypalar qoyıldı:

-eginler quramı topıraq o`nimdarlıg`ın saqlap qalıwı ha`m asırıp barıwı ushın jag`day tuwdırıw;

- eginler quramı fermer xojalıg`ı jaylasqan aymaq paxta ha`m g`a`lle bag`darına qa`niygeleskenligi sebepli, paxta ha`m g`a`lle jetistiriw qa`niygeligin saqlap qalıwdı ko`zde tutadı;

- egin maydanı birligi ha`m bir jumısshı esabına ko`birek payda alıwdı ko`shde tutıw;

Demek, bul jumısta egin maydanları quramın optimallastırıw joqarıda tilge alıng`an 3 wazıypanı sheshken halda a`melge asırılıwı kerek.

Qoyılg`an wazıypalardı sheshiw ushın to`mendegi sheklewler belgilendi. Jami egin maydanları quramında:

- paxta maydanı 40 protsentten;
- g`a`lle egin maydanı 30 protsentten aspawı;
- palız eginleri maydanı 15 protsentten;
- basqa eginler maydanı 15 protsentten kem bolmaslıg`ı kerek.

Fermer xojalıg`ında egin maydanları quramın optimallaw tiykarın topıraq o`nimdarlıg`ın asırıwg`a jag`day jaratıwshı en` optimal eginler quramın anıqlaw ha`m almaslap egiwdi engiziw arqalı paxta ha`m g`a`lle o`nimdarlıg`ın turaqlı uslap turıw ma`selesi iyeleydi. Usı menen birgelikte paxta ha`m g`a`llege ma`mleket buyırtpası saqlanıp qalıp atırg`an bir payıtta fermer xojalıg`ının` da`ramatın asırıw, ken`eyttirilgen qayta o`ndiriw protsessin jolg`a qoyıw za`ru`rligi barlıg`ı sebepli joqarıraq da`ramat keltiriwshi awıl xojalıg`ı eginlerin jaylastırıw ko`zde tutıladı.

Awıl xojalıg`ı eginlerin aqılg`a muwapıq jaylastırıwdın` tiykarg`ı sha`rtlerinen biri egin maydanı birliginen alınatug`ın sap da`ramat mug`darın maksimallastırıwdı ko`zde tutıw esaplanadı. Usı jag`day tikkeley bazar mu`na`sibetleri engiziliwinin` na`tiyjesi ha`m za`ru`rli sha`rti bolıp tabıladı. Og`an ko`re ha`r bir awıl xojalıg`ı ka`rxanası o`z xızmeti juwmaqları esabınan da`ramat alıp, ken`eyttirilgen qayta o`ndiriwdi ta`miyn etiwi lazım. Bul barada bu`gingi ku`nde ko`plep jumıslardı a`melge asırıw talap etiledi. Solardan biri diyxandı

alministrativ-buyrıqpazlıq dizimi hu`kimranlıq qılg`an da`wirde qa`liplesken «ka`rxana ushın qayg`ırıw ma`mlekettin` wazıypası, bizin` wazıypamız tapsırmalardı ha`m rejeni orınlaw» tu`rindegi tu`siniklerden azat qılıw ha`m «o`z turmısının` pa`rawanlıg`ı-o`zin`nin` qolın`da» tu`rindegi tu`siniklerdi diyxannın` sanasına sin`diriw ma`selesi bolıp tabıladı. Bunın` ushın bolsa, tovar jetistiriwshi diyxannın` ekonomikalıq erkinligin ta`miyn etiw lazım. Ekonomikalıq erkinlik o`ndiris na`tiyjeleri ushın juwapkerlik sezimin qa`liplestiredi. Nızamlar masshtabında xızmet ju`ritiwshi, bazarda ekonomikalıq erkin xızmet alıp barıwshı ka`rxana da`ramatı mug`darın asırıw jolların izleydi.

Egin maydanları esabınan alınatug`ın da`ramat mug`darın maksimallastırıw ma`selesine tu`rli ko`z-qarastan jantasıw mu`mkin. Yag`nıy, bazı awıl xojalıg`ı eginleri Jamiyetke za`ru`r o`nim jetistiriw ushın egiledi. Biraq, awıl xojalıg`ı ka`rxanası ushın kem da`ramat keltiriwi yaki erkin tan`law sha`rayatında xojalıqlar ta`repinen egilmesligi mu`mkin. Ma`selen, paxta bu`gingi ku`nde mikroekonomikalıq ko`z-qarastan awıl xojalıg`ı ka`rxanaları ushın salıstırmalı kemrek da`ramat keltiriwshi tarmaq esaplansa da, biraq makroekonomika masshtabında za`ru`r strategiyalıq o`nim, du`n`ya ju`zi bazarında ba`sekige shıdamlı tovar o`nimi bolıp, respublikamız o`z ornın iyelep turıwında ma`mleketimizge valyuta tu`simin ta`miyn etiwde ayrıqsha orın iyeleydi. Usınday eken makroekonomikalıq ko`lemde da`ramat keltiretug`ın ha`m mikroekonomikalıq ko`lemde pa`s da`ramatlı eginlerdi jaylastırıw ma`selesine Jamiyet ma`pleri ko`z-qarasınan jantasıw za`ru`r. Biraq, bazar ekonomikası o`ndiristin` mikro ha`m makroekonomika masshtabında o`nimler o`ndiriw ja`ne de xızmetler ko`rsetiwge sarplang`an qa`rejetler alıng`an da`ramat penen qaplanıwın ha`m xojalıq ju`rgiziwshi sub`ektler o`ndiristi rawajlandırıw ushın za`ru`r bolg`an ma`lim mug`dardag`ı paydalılıq da`rejesine iye bolıwların talap etedi. Demek, Jamiyet mu`ta`jlerin qandırıw maqsetinde o`nim jetistiriw ushın jaylastırılatug`ın awıl xojalıg`ı eginlerin o`stiriwshi ka`rxanalar ma`mleket ta`repinen qollanılatug`ın qollap-quwatlawshı jen`illiklerden paydalanıwları kerek. Bunday ekonomikalıq jen`illikler awıl xojalıg`ıka`rxanalrın salıq dizimi arqalı, materiallıq-

texnika ta`miynat arqalı yaki tuwrıdan-tuwrı bazar bahaları arqalı ma`mleket mu`ta`jleri ushın o`nim jetistiriwge qollap-quwatlawı lazım. Yag`nıy, Jamiyet ushın za`ru`r o`nim o`ndiriwdi ta`miyn etiw ha`m na`tiyjeli jolg`a qoyıw administrativ-buyrıqpazlıq usılları arqalı emes, ba`lki bazar ekonomikası usılları ta`repleri ja`redeminde jolg`a qoyılıwı za`ru`r.

Awıl xojalıg`ı eginlerin aqılg`a muwapıq jaylastırıw sha`rtlerinen biri awıl xojalıg`ı ka`rxanaları ta`repinen o`ndirilgen tovar o`nimlerin en` joqarı payda alıw imkaniyatlarınan tolıq paydalanılg`an halda satıwg`a erisiw bolıp tabıladı.

Ma`lim tu`rdegi awıl xojalıg`ı o`nimlerine bazarda talap barlıg`ı ha`m bul talaptın` ko`lemi u`lkenligi, ha`r bir tovar o`ndiriwshi o`z o`nimlerin en` joqarı bahalarda sata alıwınan da`liylet bermeydi. Bunın` ushın o`nimlerdi saqlaw ushınbuyımlang`an skladlarg`a, transport xızmeti dizimine, ba`seki ortalıg`ında xızmet ju`rgiziwshi da`l-da`lshı ka`rxanalar, tayarlaw sho`lkemleri ha`m qayta islew buwınlarına iye bolıwı talap etiledi.

Ko`pshilik hallarda qa`niygelesken xojalıqlar ta`repinen jetistirilip atırg`an awıl xojalıg`ı o`nimlerin o`sh waqtında ha`m kem qa`rejetler ornına satıwda qayta islew ka`rxanaları o`ndiriw ko`lemleri jetispewi, tayarlaw sho`lkemlerinin` ko`p mug`dardag`ı o`nimler tayarlaw imkaniyatına iye emesligi, transport xızmetleri sapası pa`sligi yaki tovar o`ndiriwshiden tutınıwshıg`a shekem (qayta islew ka`rxanaları, basqa tu`rdegi bazarlar) bolg`an aralıq uzaqlıg`ı, jollardın` ahwalı talapqa juwap bermesligi, jetistirilgen o`nimlerdi tutınıwshıg`a jetkizip barg`ang`a deyin saqlaw imkaniyatları shegaralang`anlıg`ı ha`m basqa sebeplerge ko`re ko`plep qıyınshılıqlarg`a dus kelinedi. Na`tiyjede diyxan o`z paydasının` bir bo`leginjog`altıwg`a ma`jbu`r.

Joqarıdag`ı ma`seleler awıl xojalıg`ı eginlerin jaylasıtırwda ha`r ta`repleme esapqa alınıwı ha`m za`ru`rli sheshimler islep shıg`ıw tiykarında sheshiliwi kerek.

Awıl xojalıg`ın bazar sha`rayatlarında rawajlandırıwdın` ha`zirgi basqıshında jerdin` ekonomikalıq o`nimdarlıg`ın jerdin` ekonomikalıq o`nimdarlıg`ın arttırıw ha`m onnan na`tiyjeli paydalanıwg`a u`lken a`hmiyet berilmekte. Bunı usınday ta`riyplew mu`mkin, birinshiden, Qaraqalpaqstan xalqı jıl sayın ko`beyip

barmaqta, ekinshiden, xalıqtın` azıq-awqat o`nimlerine, sanaattın` shiyki-zatqa bolg`an mu`ta`jleri jıl sayın artpaqta, u`shinshiden, bazar ekonomikası sha`rayatında eksport potentsialın bekkemlew tiykarg`ı wazıypalardan birine aylanbaqta.

Bul jag`day usı aymaqta ekstensiv faktorlardan paydalanıw da`rejesinin` ma`lim bir shekleniwge iyeliginen da`liylet beredi. Sonın` ushın Qaraqalpaqstannın` awıl xojalıg`ı, a`sirese, diyxanshılıq tarmaqları aldında turg`an wazıypalardı sheshiwdin` tiykarg`ı jolı jerden intensiv paydalanıw, yag`nıy egin maydanı birliginen alınatug`ın o`nimler mug`darın ko`beyttiriw bolıp tabıladı.

Respublikada tiykarg`ı awıl xojalıg`ı egin maydanının` 41,3 protsentin paxta, 27 protsentin g`a`lle ha`m 14,4 protsentin azıq-awqat eginleri quraydı. Shorlanbag`an jerler bar-jog`ı 7 protsentke ten`. suwg`arılatug`ın jerlerdin` qalg`an oe protsenti tu`rli da`rejede shorlang`an, ha`tteki ekinshi bar shor basqan jerler de az bolsa da ko`beyip barmaqta. Usı sebepten de jerlerden tiykarınan mineral to`ginler salıw esabına zu`ra`a`t alınbaqta.

Mineral to`ginler salıwdın` normaları alıp barılg`an ko`p jıllıq ilimiy izertlewler na`tiyjeleri tiykarında a`melge asırılıwı kerek. Azotlı to`ginlerdi saylang`an ta`rizde qollaw tuqım ha`m basqa eginlerdin` a`meldegi o`nimdarlıg`ına tiykarlanadı. Fosforlı ha`m kaliyli to`ginler salıw normaların tikkeley ha`reketshen` fosfor ha`m almasıwshı kaliy boyınsha agroximiyalıq kartogrammaları tiykarında, qosımsha koeffitsientler kiritiw ja`rdeminde anıqlaw za`ru`r. Qaraqalpaqstan Respublikasında ha`zirgi payıtta qollanılıp atırg`an to`ginlew diziminde azottın` kaliy ha`m fosforg`a salıstırg`anda o`z-ara salıstırması 1,0:0,5:0,19 g`a ten` ra`wishte bolıwı usıns etilgen. Bizin` pikirimizshe, bunday salıstırma kaliy balansının` u`lken defitsitligi na`tiyjesinde paxta talasın sapa ko`rsetkishlerinin` keskin pa`seyiwine alıp keldi. Demek, kaliy to`gininin` defitsitligi shorlang`an jerlerde tuqım ha`m basqa eginlerden imkan qaray joqarı payda alıwg`a tosqınlıq qılıp atırg`an sebeplerden biri bolıp tabıladı.

Sonın` ushın da jer o`nimdarlıg`ının` ha`zirgi da`rejesi ha`m respublika boyınsha erisilgen ortasha o`nimdarlıqqa tiykarlang`an halda pa`n paxtashılıq

ushın isletiletug`ın kaliydin` azotqa salıstırg`anda 1:0,5 bolıwdı usınıs etedi. Topıraq o`nimdarlıg`ın saqlap qalıw ha`m arttırıw ja`ne de paxta ha`m basqa o`nimler boyınsha en` joqarı payda alıw ushın jer aydalıp atırg`anda ha`r bir gektar jerge keminde 30-40 tonna jergilikli to`gin salıw ha`m bul ilaj dalalar boyınsha da`wirli almasıw tiykarında alıp barılıwı kerek.

Aldag`ı fermer xojalıqlarında to`ginnen paydalanıw na`tiyjeliligi ha`m olardan paydalanıwda ilimiy tiykarlang`an normalarına ha`m agrotexnikalıq usınıslarg`a a`mel etiw na`tiyjesinde eginlerden en` joqarı payda alıwg`a erisilmekte. Ma`selen, mineral ha`m jergilikli to`ginlerden na`tiyjeli ha`m uyg`ınlastırılg`an halda paydalanıp atırg`an aldag`ı shirket ha`m fermer xojalıqlarında ha`r gektar jerden paxtadan 35-42 tsentner, salıdan 60-70 tsentner ha`m onnan artıq, biydaydan 35-40 tsentner, palız boyınsha 100-150 tsentner, miywe eginlerinen 350-400 tsentnerge shekem zu`ra`a`t alıng`an. Bul ko`rsetkishler territoriyanın` ha`zirgi quramalı ekologiyalıq sha`rayatında da, keleshekte de diyxanshılıq o`nimlerin jetistiriwdi ko`beyttiriwdin` u`lken zapasları barlıg`ınan da`liylet beredi.

Qaraqalpaqstan Respublikasının` agrar sektorında ekonomikalıq reformalardı teren`lestiriw protsessinde o`ndiristi quramı jag`ınan o`zgerttiriw, awılda infrastruktura sub`ektlerin payda etiw, biznesti rawajlandırıw, fermer ha`m diyxan xojalıqların rawajlandırıw ushın keyingi jıllarda na`tiyjeli ha`m keleshekke mo`lsherlengen bir qatar shara-ilajlar a`melge asırılmaqta. Sonnan, awıl xojalıg`ı ka`rxanalarının` derlik ba`rshesi ma`mleketlik emes mu`lk tu`rlerine o`tkiziledi. Bul jan`a mu`lk tu`rlerine tiykarlang`an xojalıq ju`rgiziw tu`rleri awıl xojalıg`ı o`nimlerin o`ndiriwdi ko`beyttiriwge unamlı ta`sir o`tkizbekte.

Diyqan xojaliqlarin rawajlandiriw jo'nelislerinin' maqseti ha'm waziypalari hududda tarmoq ha'm tarmoqlararo quramiy tuzilmalar jaratiw etiw tiykarinda Diyqan xojaliqlarinin' materiyalliq-texnika resurslari, mineral to'ginler, janilg'i-maylaw materiallari ha'mde o'ndiris ha'm texnika, servis ha'm maslahat xizmetlerine bolg'an talaplarin qandiriw ha'm awil xojalig'i o'nimin o'ndiris ko'lemin asiriwg'a jiberilgen imkaniyatlardi ko`rsatib beriw.

**2.2.1-keste**

**Diyxan xojalıqlarının` o`zine ta`n qa`siyetleri**

| № | Ko`rsetkishler | Diyhan xojalıqları | Fermer xojalıqları | Basqa awıl xojalıq ka`rxanaları |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Jerden paydalanıw xuquqı | Paydalanıw, iyelik etiw ha`m ko`rsetiw. | Paydalanıw, iyelik etiw | Paydalanıw |
| 2 | Jer maydanının` o`lshemi | Kichi ha`m cheklengen | Orta yaki u`lken | U`lken |
| 3 | Mu`lke bolg`an huqıq | Jeke | Jeke | Jeke, ma`mleket, u`lesli yaki jamoa |
| 4 | Ma`mleket buyırtpası | Bolmag`an | Paxta ha`m g`a`lle | Paxta ha`m g`a`lle |
| 5 | İsshi ku`shi | Sem`ya quramı | Sem`ya quramı ha`m jallanba ishshi | Jamoa miyneti ha`m shetten qatnasqanlar |
| 6 | İslep shıg`arıw na`tiyjelerinen ma`deniy ma`pleri | Qosımsha yaki tiykarg`ı daramat | Tiykarg`ı daramat | Tiykarg`ı daramat |
| 7 | Daramattın` payda bolıwı | Erkin | A`meldegi o`lshemler boyınsha | A`meldegi o`lshemler boyınsha |

Qaraqalpag'istan Respublikasi Diyqan xojaliqlari rawajlaniwinn' ha'zirgi jag'dayi, ulardagi bar resurslardan paydalaniwg'a, o'nimlerdi o'ndiris ha'm satiw ha'mde materiyalliq-texnika ta'miynati darajesinin' ekonomikaliq analizina tayanilgan (2.2.1-suwret).

Belgilengen dastur bag'darlari juzege shig'iwi ushin to'mendegi waziypalardi a'melge asiriwni ko'rsetedi:

- diyqan xojaliqlarinin' mineral to'gin ha'm ximiyaliq qurallari, janilg'i-maylaw materiallari ha'm texnika qurallarina bolg'an talaplarin qandiriwdin' ekonomikaliq mexanizmin jaratiw;

- mineral to'ginler, janilg'i-maylaw ha'm ximiyaliq qurallardilardi o:z waqtinda ta'minlew, mexanizatsiyalasqan islerdi bejeriw ha'm awil xojalig'i o'nimi

ha'm shiyki zatin satip aliw boyinsha sawda shaxapshalarin sho'lkemlestiriw;

2.2.1-suwret .

Qaraqalpaqstan Respublikasinda diyqan xojaliqlarin aymaqliq rawajlandiriwdin'  tiykarg'i bag'darlari

| Diyqan xojaliqlarin rawajlaniwdin' tiykarg'i | Izertlew  ob:ekti | A'melge asirilatug'in ilimiy izlanishlar | Alinatug'in Juwmaqlar |
|---|---|---|---|
| Diyqan xojaliqlarinin' respublika ekonomikasinda tutqan ordi ha'm ahimiyetine baha beriw | xojaliq ju'ritiwshi sub:ektler iskerligi | Asosiy ekonomikaliq ko'rsetkishleri boyinsha Analiz qiliw xojaliq ju'ritiwshi subiektler, sh.x., | Keleshekte Diyqan xojaliqlarinin' rawajlaniw yo:nalislerin belgilep |
| Diyqan xojaliqlari islep shig'aratug'in o'nimler yaki xizmetlerge bolg'an talap ha'm usinisti u'yreniw | Awil  xojalig'i o'nimleri tutiniwshilari ha'm infrastruktura karxanalari | Axolinin' aziq-awqat o'nimlerine iyqan xojaliqlarinin'  resurs ha'm xizmetlerge bolg'an talabin analiz etiw | Diyqan xojaliqlarinda o'nimler jetistiriwdi ko'beytiw ha'm olarg'a xizmet Ko'rsetiwdi jaqsilaw |
| Diyqan xojaliqlarin mineral to'gin, texnika ha'm janilg'i-maylaw materiallari, kredit qarjii, informatsiya-maslahat | Diyqan xojalig'ina resurs jetkerip beruvshi ha'm xizmet ko'rsetiwshi | Diyqan xojaliqlari ha'm olarg'a resurs ha'm xizmetler jetkerip beriwshiler menen o'zara ekonomikaliq | Resurs ha'm xizmetler ta'miynati boyinsha qolay ha'm natiyjeli |
| Diyqan xojaliqlarinin'  o'nim o'ndiris ko'lemi, satiwi ha'm daramatinn' kelesheklerin | Diyqan xojaliqlari iskerligi na'tiyjelari | o'nim o'ndiris, satiw ha'm payda aliw imkaniyatlarin analiz etiw | o'nimni satiw, paydani ko'beytiw ushin jollari |
| Diyqan xojaliqlari iskerligi rawajlaniwiga imkan beratug'in normaliq-huquqiy tiykarin quramalastiriw | Diyqan xojaliqlari iskerligi ha'm normaliq-huquqiy tiykarlar | Normaliq-huquqiy hujjetlerdin'  a'meliyatqa jariya etiliw da'rejesin analiz qiliw | Diyqan xojaliqlari iskerligin ja'nede rawajlaniwi boyinsha normaliq tiykarlari |

Qa`niygelerdin` esap-kitaplarına qarag`anda, o`simlik zıyankesleri, kesellikler ha`m bo`ten otlarg`a qarsı gu`restin` ximiyalıq ha`m biologiyalıq usılları ja`rdeminde ha`r jılı awıl xojalıg`ı eginleri jalpı zu`ra`a`tinin` shama menen qw protsentin saqlap qalıwg`a muwapıq bo`linbekte. Usı qurallardın` na`tiyjeliligin arttırıw ushın diyxanlar awıl xojalıg`ı o`ndirisi a`meliyatta o`simliklerdi qorg`awdı o`z waqtında shamalap biliwleri ha`m ba`rshe qorg`aw sharaların optimal mu`ddetlerde orınlawları za`ru`r.

Awıl xojalıg`ı eginleri o`nimdarlıg`ın arttırıw ha`m o`nimler sapasın jaqsılaw tuqım sapasına da baylanıslı. Kalibrlep saylang`an shigit egiw na`tiyjesinde o`nimdarlıq a`dettegi a`piwayı usılda tayarlang`an tuqımlıqqa salıstırg`anda ha`r gektar jerden 2-3 tsentner ha`m qosımsha 20 protsentke shekem zu`ra`a`t beriwi pa`n ta`repinen da`liyllenip, a`meliyatta o`z tastıyıg`ın tapqan.

Suwg`arılatug`ın diyxanshılıq sha`rayatında almaslap egiw jerden joqarı na`tiyje menen paydalanıwdı ta`miynleydi. «Paxta» ilimiy-o`ndiris birlespesinin` ko`p jıllıq izertlewleri na`tiyjesinde usı na`rse anıqlang`an, uzaq jıl shigit tegiw unamsız na`tiyjelerge alıp keledi: topıraq quramındag`ı organikalıq zatlar kemeyip ketedi, azotlı zatlar jog`aladı, topırag`ı shor basqan zonalarda jerdin` fizikalıq ta`nleri ha`m meliorativ halatı jamanlasadı. Bunnan tısqarı, shigit durıs emes egilse vilt keselligi ku`sheyedi. Bulardın` ha`mmesi Qaraqalpaqstanda paxta kelip atırg`an tiykarg`ı sebeplerden biri bolmaqta. Bul birlespe ta`repinen alıp barılg`an izertlewlerinin` ko`p jıllıq na`tiyjelerinin` ko`rsetiwinshe suwg`arılatug`ın diyxanshılıq sha`rayatında ilimiy tiykarlang`an paxta-tuqımdı almaslap egiw dizimin engiziw paxta o`nimdarlıg`ın 6-7 tsentnerge asırıwı da`liyllep berilgen.

Jer o`nimdarlıg`ının` asıwı topıraqta organikalıq ha`m azot zatlarının` ko`beyiwi ja`ne de suw o`tkiziwshen`lik, ximiyalıq, mexanikalıq ha`m fizikalıq xatlarının` jaqsılanıwı esabına ju`z beredi. Sonın` ushın ayrıqsha atap o`tiw orınlı, Qaraqalpaqstan Respublikasının` a`sirese, shorlanıw da`rejesi joqarı jerlerinen joqarı payda alıwda almaslap egiwdin` roli o`te u`lken bolıp tabıladı.

Qaraqalpaqstan Respublikası keyingi jıllarda fermer xojalıqların rawajlanıwına u`lken itibar qaratılıp atır. Olardın` sanı, jalpı o`nim islep shıg`arıwdag`ı u`lesi 2008 jılda 2007 jılg`a salıstırmalı kemeyiwi ta`biyiy sharayatta, sonın` menen birge suw jetispewshiligi menen belgilenedi. Biraq, ha`zirgi ku`nde de olardın` islep shıg`arıw texnologiyasınan tolıq paydalang`an dep bolmaydı. Sebebi, diyxan xojalıqlarında islep shıg`arıw da`rejesi qalg`an eki xojalıqlar formalarına salıstırg`anda joqarı (2.2.2-keste). Mısalı, bir jumısshı esabınan fermer xojalıqlarında 2010 jılda 1,76 mln  somlıq, 1 gektar esabınan

**2.2.2.-keste**

**Qaraqalpaqstan Respublikasında auıl xojalıgı o`nimlerin islep shıg`arıwda xojalıq ju`rgiziwshi sub`ektler salmag`ının` o`zgeriwi**

| Xojalıq ju`ritiw formaları | | Xojalıq lar sanı, (ming) | Jumıss hılar sanı, (m.kisi) | Egin maydan i(m.gg`a) | Jalpı o`nim ko`lemi, (mln. som) | O`nim islep shıg`arıw, (mln.som) | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | Bir jumıs shıg`a | Bir gektarg`a |
| 2011 j. | Shirket | 21 | 1675 | 3744 | 6472,2 | 3,86 | 1,72 |
| | Fermer | 9500 | 91760 | 194861 | 162230 | 1,76 | 0,83 |
| | Diyxan | 225620 | 107888 | 32517 | 305451 | 2,83 | 9,39 |
| | Jami | 235141 | 201293 | 231122 | 474153,1 | 2,35 | 2,05 |
| 2010 j | Shirket | 23 | 1830 | 4100 | 7087,6 | 3,87 | 1,38 |
| | Fermer | 9380 | 90601 | 192400 | 160181,1 | 1,76 | 0,832 |
| | Diyxan | 225500 | 107800 | 32500 | 305241,6 | 2,83 | 9,39 |
| | Jami | 234903 | 200231 | 229000 | 472110,3 | 2,82 | 2,06 |
| 2008 j. | Shirket | 23 | 1826 | 1931 | 5453,4 | 2,98 | 0,919 |
| | Fermer | 9271 | 86587 | 189437 | 114542,6 | 1,32 | 0,604 |
| | Diyxan | 225478 | 107500 | 31638 | 204734,4 | 1,90 | 6,47 |
| | Jami | 234742 | 195913 | 227006 | 324730,4 | 1,65 | 1,43 |
| 2008 j. | Shirket | 25 | 3595 | 9491 | 8922,5 | 2,48 | 0,940 |
| 2007 j | Fermer | 9566 | 85389 | 195335 | 127097,6 | 1,48 | 0,65 |
| | Diyxan | 225478 | 103800 | 19832 | 165418,7 | 1,59 | 5,54 |
| | Jami | 235069 | 192784 | 234658 | 301438,8 | 1,56 | 1,28 |

0,832 mln somlıq o`nim jetistirgen bolsa, bul ko`rsetkish deyhan xojalıqlarında salıstırmalı da`rejede 2,83 mln somdı ha`m 9,19 mln somdı quraydı. Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha 2011 jılda fermer xojalıqlarında 107888 jumısshı 32517 gektar egin maydaninda is ju`rgizgen. Egin maydanı birligine islep shıg`arılg`an o`nim boyınsha en` to`men ko`rsetkish (0,83 mln som) fermer xojalıqlarında, bir jumısshıg`a tuwrı keletug`ın o`nim boyınsha (2,83 mln som) diyxan xojalıqlarında tuwrı keledi.

Paxta-tuqımdı almaslap egshiwdi ilimiy tiykarda sho`lkemlestiriwdin` ja`ne bir za`ru`r abzallıg`ı sonda, bul sha`rayatta sharwa malların bag`ıw ha`m olardın` sanın ko`beyttiriwge jag`day jaratatug`ın azıqlandırıw bazasın kepillikli ra`wishte bekkemlenedi, yag`nıy dag`al, shireli azıq-awqat jetistiriw salmag`ı asadı.

Respublikada diyxanshılıq o`nimlerin ko`beyttiriwdin` joqarıda tiykarlang`an zapaslarınan tısqarı ja`ne bir za`ru`r ilaj-jer sapasın, yag`nıy onın` meliorativ halatın jaqsılaw bolıp tabıladı.

Jerlerdin` o`nimdarlıg`ın asırıw esabına respublikada diyxanshılıq o`nimlerin ko`beyttiriwdin` u`lken zapasları barlıg`ı da`liyl talap etpeytug`ın haqıyqat bolıp tabıladı. Bul mashqalalardı sheshiwdin` tiykarg`ı faktorı respublika ekonomikalıq aymaqlarının` topıraq du`ziliwi, jerlerdin` shorlanıw ha`m suw menen ta`miynleniw da`rejelerin itibarg`a alg`an halda egin maydanları quramın tu`pten jetilistiriw ha`m qa`niygeler ta`repinen paxta-tuqım-ma`kke-ju`weri eginleri o`nimdarlıg`ın asırıwdı ta`miynleytug`ın optimal dizimlerin anıqlaw boyınsha ilimiy tiykarlang`an usınıslar islep shıg`ıw da`wir talabı bolıp tabıladı.

Qaraqalpaqstan Respublikası awıl xojalıg`ı o`ndirisi na`tiyjeliligin asırıw zapasların anıqlaw ha`m olardı ekonomikalıq-matematikalıq modellestiriw protsessinde esapqa alg`an halda, biz, tiykarınan respublikag`a valyuta keltiriwshi eksport o`nimi bolg`an paxtanın` ulıwma egin maydanındag`ı u`lesin 40 ha`m 50 protsent da`rejede bolıwın tiykar qılıp aldıq. Usı baslang`ısh sha`rt basqa diyxanshılıq eginleri, sonday-aq, sharwashılıq tarmaqlarının` rawajlanıwın ta`miynlewi ko`z-qarasınan da itibarg`a alındı.

Usı mu`na`sibet penen awıl xojalıg`ı eginleri o`nimlerin jetistiriwdi ko`beyttiriw eki bag`darda: egin maydanları quramın jetilistiriw ha`m o`nimdarlıqtı asırıw bag`darlarında zapaslardı anıqlaw modellestiriw usılı tiykarında a`melge asırıldı.

Shirket xojalıqlarına biriktirilgen jerler ball bonitet ko`rsetkishleri tiykarında, yag`nıy jer sapasına qarap bahalang`an bolıp, onın` na`tiyjelerinen xojalıq ag`zalarının` jer payı mug`darı ha`m jer resurslarınan paydalanıw na`tiyjeliligin anıqlawda ken` qollanıladı. Biz usınıs qılıp atırg`an eginler maydanları quramı birinshi ekonomikalıq-matematikalıq modeline tuqım maydanı ulıwma egin maydanının` 40, ekinshi ekonomikalıq-matematikalıq modelinde bolsa 50 protsenti da`rejesinde kiritiledi. Bul tiykarınan ko`p suw talap qılatug`ın salı egin maydanların qısqarttırıw ha`m ulıwma egin maydanların ken`eyttiriw esabına a`melge asırıladı. Salı egin maydanları kemeysede o`nimdarlıqtı intensiv faktorlar ja`rdeminde arttırıw ornına jetistirilip atırg`an salı jalpı o`nimi o`sip barıwı ta`miynlenedi.

Keleshekte usınıs etilip atırg`an egin maydanları, awıl xojalıg`ı eginlerinin` quramı ha`m o`nimdarlıq da`rejesinin` o`siwi keltirilgen. Birinshi halatta paxta maydanı u`lesi 40 protsent ha`m ekinshi halatta 50 protsent da`rejesinde qalg`an bir payıtta da`n g`a`rezsizligin saqlap qalıw, da`ramat keltiriwshi ha`m suwdı kem talap etetug`ın tarmaq sıpatında qabıl qılıng`an ja`ne de usı ta`repleri menen keleshekte g`a`lle o`nimleri jetistiriw tek g`ana egin maydanları ken`eyttiriw, ba`lki o`nimdarlıqtı asırıw esabına ko`beyip barıwı maqsetke muwapıq bolıp tabıladı.

Biz suw defitsitligin itibarg`a alg`an halda eki modeldegi qollanbalarda salıshılıq maydanlarının` 37,4 protsentke qısqarttırılg`anlıg`ın ko`remiz. Salı basqa eginlerine qarag`anda 5-6 ma`rte ko`p suw ishedi. Na`tiyjede kartoshka, palız ha`m miywe eginleri maydanların 1,2-3 ma`rte ko`beyttiriwge imkan tuwıladı. Sharwashılıq tarmaqları azıq-awqat bazasın bekkemlew ushın ot-jem egiletug`ın maydanlar 100 mın` gektarg`a shekem ko`beyttiriledi.

Bul sharwashılıqtın` shireli, kontsentratsiyalang`an ha`m dag`al azıq-awqatlıqlarg`a bolg`an mu`ta`jin qandıradı. Bunday quram a`mel qılıng`anda paxta-tuqımdı almaslap egiliwin engiziw, sonday-aq, meliorativ talaplarg`a a`mel etiliwi ha`m jer astı suwları optimal da`rejede saqlanıwına erisiw sharaları ko`riliw kerek boladı. Sonın` ushın a`sirese arqa awıl xojalıq territoriyasında salı maydanların imkan qaray ko`beyttiriw za`ru`r shara-ilajları a`melge asırılıwın esapqa alınıp, keleshekte awıl xojalıg`ı eginlerinin` o`nimdarlıg`ının` asıp barıwı na`zerde tutılg`an.

Bazar eknomikasına o`tiw awıllardag`ı miynet resurslarınan aqılg`a muwapıq paydalanıwdı talap etedi. Bul talaplar xızmetkerlerdi teoriyalıq ha`m a`meliy bilim da`rejelerin asırıwg`a shaqıradı, awıl xojalıg`ı o`ndirisinde miynetti tarmaqlar ortasında bo`listiriwdi jetilistiriwge alıp keledi.

Tarmaqlar boyınsha miynetti bo`listiriwde diyxanshılıq tarmaqları quramı ayrıqsha a`hmiyetke iye, nege desen`, awıl xojalıg`ında ba`nt bolg`an xızmetkerlerdin` ko`pshilik bo`liminen Joqarıdag`ı keste mag`lıwmatlarının` ko`rsetiwinshe 2004-2010 jıllarda respublika ASXM xojalıqlarında miynet resurslarının` tarmaqlar arasındag`ı bo`listiriwinin` ortasha ko`rsetkishi bolg`an:

- diyxanshılıq tarmaqlarında xızmetkerlerdin` 77,0 protsenti ba`nt bolıp, miynet sarpının`jalpı mug`darı 78,6 protsentti, sonnan, tiyisli ra`wishte paxtashılıqta 70,0 ha`m 65,0 protsentti, da`nshilikte 6,1 protsentti, da`nshilikte 6,1 ha`m 6,1 protsentti, sonnan, salıshılıqta 0,3 ha`m 0,2 protsentti, sharwıshılıqta 7,6 protsentti, miynet sarpının` jalpı mug`darı 8,5 protsentti qurag`an.

Da`n eginleri, sonnan, salı ha`m biyday o`nimdarlıg`ı boyınsha ayırım aldag`ı fermer ha`m diyxan xojalıqları erisken utısların esapqa alatug`ın bolsaq, 2015 jılg`a barıp a`melde erisilgen da`rejege salıstırg`anda o`nimdarlıqtı 1,4 barabarg`a ko`beyttiriw imkaniyatı bar. Paxta o`nimdarlıg`ın bolsa respublika sha`rayatında ha`zirgi ku`nde aldag`ı xojalıqlar ta`repinen erisilgen da`rejede alg`anda paxta jetistiriw su`wretin 3,1 ma`rtege o`stiriw mu`mkin. Bug`an tiykar qılıp ayırım fermer xojalıqlarında gektarınan 35-45 tsentner paxta zu`ra`a`ti alınıp atırg`anlıg`ın keltiriw mu`mkin. Esap-kitaplardın` ko`rsetiwinshe, paxta o`nimdarlıg`ı 30 ts/ga

dan pa`s bolsa, paxta jetistiriw rentabelsiz yaki pa`s rentabelli bolıp, bazar ekonomikası sha`rayatında ken`eyttirilgen qayta o`ndiriw imkanın bermeydi.

2.2.3-keste

Qaraqalpaqstan Respublikası ASXM qaraslı xojalıqlarda awıl xojalıg`ı o`ndirisinde ba`nt bolg`an xızmetkerlerdin` 2004-2010 jıllar ishindegi ortasha bo`listiriwi

| Tarmaqlar | Xızmetkerler sanı | | Tikkeley miynet sarpı | |
|---|---|---|---|---|
| | Adam | Jamige salıstırg`anda, % | Mın`, adam-saat | Jamige salıstırg`anda, % |
| 1. Diyxanshılıq | 50999 | 80,5 | 83745 | 77 |
| S.i.: paxta | 44333 | 70,0 | 70899 | 65 |
| da`n | 3278 | 6,1 | 6655 | 6,1 |
| salı | 132 | 0,3 | 240 | 0,2 |
| palız | 566 | 0,9 | 1031 | 0,9 |
| miywe | 480 | 0,8 | 874 | 0,8 |
| kartoshka | 14 | - | 26 | - |
| azıq-awqat eginleri | 1400 | 2,2 | 2570 | 2,4 |
| baq ha`m ju`zim | 796 | 1,3 | 1450 | 1,3 |
| 2. Sharwashılıq | 4821 | 7,6 | 9220 | 8,5 |
| S.i. qaramal | 3120 | 4,9 | 5679 | 5,2 |
| qoy ha`m eshki | 626 | 1,0 | 1140 | 1,0 |
| qus | 20 | - | 52 | - |
| pille | 1055 | 1,7 | 2349 | 2,1 |
| 3. Transport | 1291 | 2,0 | 2250 | 2,0 |
| 4. Qurılıs | 1080 | 1,7 | 2247 | 2,0 |
| 5. Ja`rdemshi ustaxanalar | 1725 | 2,7 | 3250 | 3,0 |
| 6. Arnawlı xızmetler | 322 | 0,5 | 1202 | 1,1 |
| 7.Ma`deniy-ag`artıw ha`m turmıslıq ma`kemeler | 212 | 0,3 | 380 | 0,3 |
| 8. Basqarıw xızmetkerleri | 2735 | 4,3 | 6147 | 5,6 |
| 9. Basqalar | 448 | 0,4 | 438 | 0,4 |
| Jami | 63433 | 100 | 108879 | 100 |

derek: Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması mag`lıwmatları. Ha`zir usı tarmaqta paydalanıladı. Respublika awıl xojalıg`ı tarmaqlarında miynet resurslarının` bar bo`listiriwi 2.2.3-kestede keltirilgen.

Basqa eginler o`nimdarlıg`ı boyınsha da izertlewge tiykar qılıp alıng`an ekonomikalıq-matematikalıq modelge respublika awıl xojalıg`ı tarmaqlarında erisilgen joqarı ko`rsetkishler kiritilgen. Yag`nıy, ayırım fermer ha`m diyxan xojalıqları respublika boyınsha ortasha o`nimdarlıq da`rejesine qarag`anda 2-3 ma`rte joqarı zu`ra`a`t almaqta.

Juwmaq qılıp aytqanda, diyxanshılıq eginleri o`nimdarlıg`ının` joqarıdag`ı modelge kiritilgen da`rejeleri ha`m keleshekte egin maydanlarının` ken`eyiwi esabına awıl xojalıg`ı o`nimleri jetistiriw ko`lemin o`siw su`wretinde ta`miynlew ushın tolıq imkaniyatlar bar.

Usı su`wretler da`rejesin itibarg`a alg`an halda ekonomikalıq-matematikalıq modellestiriw tiykarında usınıs qılıng`an egin maydanları quramının` o`zgerisi ha`m olardın` suwg`arıw suwlarına bolg`an keleshektegi mu`ta`j ko`lemleri keltirilgen. Bul esap-kitaplardı a`melge asırıw protsessinde suwdan paydalanıwshılar birlespesi sho`lkemlestirilgen rayonlar ha`m olardın` ko`rsetip atırg`an xızmetleri na`tiyjesinde suw resurslarınan tejemli ha`m norma da`rejesinde paydalanıp atırg`an aldag`ı shirket ha`m fermer xojalıqları ta`jiriybesi ken` ma`niste itibarg`a alındı. Sog`an ko`re 2015 jılg`a deyin 1 tonna o`nim o`ndiriw ushın sarp etiletug`ın suw ko`lemi kemeyiw tendentsiyasına iye boladı.

Joqarıda shamalap keltirilgen ko`rsetkishler ha`m keleshekte ken` qamrawlı shara-ilajlar kompleksinin` a`melge asırılıwın itibarg`a alg`an halda, Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha 2015 jılg`a shekem bolg`an keleshekke mo`lsherlengen o`nimdarlıq da`rejesi ha`m suwg`arılatug`ın jerler na`tiyjeliliginin` esap-kitapları berilgen.

2015 jılg`a barıp o`nimdarlıq ha`m o`nimler ko`leminin` o`siwi esabına bir-birlik jer uchastkasınan alınatug`ın jalpı o`nim o`siwine erisiledi ha`m usı tiykarda shirket ha`m fermer xojalıqlarının` ekonomikalıq-matematikalıq ahwalı bekkemlenedi, ken`eyttirilgen qayta o`ndiriwdi a`melge asırıwg`a ha`m demek,

bazar ba`sekileri sha`rayatında kepillengen na`tiyjelilik tiykarında xızmet ju`rgiziwlerine ken` imkaniyatlar jaratıladı.

Juwmaqlaw ha`m usınıs ornında atap o`tiw kerek, bazar ekonomikası talapları esapqa alıng`an halda baha belgilew mexanizmin jetilistiriw, suwg`arılatug`ın jerler meliorativ halatın jaqsılaw ha`m xojalıqlardı materiallıq-texnika resursları menen ta`miynlewdin` ekonomikalıq-matematikalıq sha`rt-sha`rayatların jaratıw, awıl xojalıg`ı o`nimleri ha`m sanaat tovarları bahasının` o`siw su`wretlerin ten`salmaqlılastırıw sıyaqlı bir qatar bag`darlarda ilimiy tiykarlang`an shara-ilajlar a`melge asırılıwı kerek.

Ha`zirgi waqıtta ju`zege kelgen quramalı ekologiyalıq sha`rayatta awıl xojalıg`ın rawajlandırıw ha`m diyxanshılıq ha`m sharwashılıq tarmaqlarındag`ı o`ndiris resurslarınan paydalanıw protsessinde joqarı da`rejede payda alıwg`a imkan jaratatug`ın shara-ilajlar islep shıg`ıw ha`m a`melge asırıwdan ibarat bolıp, bul ha`zirgi waqıtta en` za`ru`r ilimiy-a`meliy a`hmiyetke iye wazıypalardan biri bolıp qalmaqta.

Usı bo`limde sharwashılıq tarmaqların rawajlandırıw ha`m o`nimlerdi, ulıwma da`ramat, paydanı ko`beyttiriwdi tiykarg`ı maqset kılıp qoyg`an halda awıl xojalıg`ı usı tarawının` perspektivasın belgilew ma`selelerine ayrıqsha orın beriledi. Sebebi, aldın`g`ı bo`limde alıng`an sheshimler sonnan da`liylet beredi, egin maydanlarının` optimal quramlarına erisiw, onda azıq-awqat eginleri maydanlarının` ken`eyiwi ha`m en` za`ru`ri, ot-jem egilgen maydanlardan alınatug`ın zu`ra`a`t ha`m azıq-awqat birliklerinin`, ko`beyiwi sharwa malları sanı ha`m olardan alınatug`ın o`nim tu`rlerin shamalawdı, yag`nıy keleshektegi rawajlanıw da`rejesin belgilewdi talap qıladı. Usı talaplar ha`m joqarıda alıng`an tiyisli qollanbalar na`tiyjeleri tiykarında model` ja`rdeminde sharwashılıq tarmaqları azıqa-qat bazasının` 2015 jılg`a deyin erisiliwi mu`mkin bolg`an da`rejeleri belgilep berildi ha`m bunda birinshi na`wbette egin maydanları quramı ha`m o`nimdarlıq da`rejelerinin` o`zgeris su`wretlerin esapqa alıng`an halda azıq-awqat zapasları belgilendi.

Azıq-awqat imkaniyatları 2000 jılda erisilgen ko`rsetkishlerge qarag`anda, 2006 jılda derlik 2,1 ma`rte, 2010 jılda - 2,5 ha`m 2015 jılg`a barıp bolsa 3,1 barabarg`a ko`beyedi. Usı orında atap o`tiw orınlı, Qaraqalpaqstan Respublikasının` ta`biyiy sha`rayatı ha`m alınatug`ın azıq-awqat quramı tiykarınan qaramalshılıq ha`m qoyshılıqtı rawajlandırıw ushın optimal bolıp tabıladı. Usı sebepten de keleshekte usı sharwashılıq tarmaqların rawjlandırıwg`a ayrıqsha itibar qaratıw maqsetke muwapıq.

Awıl xojalıg`ı o`ndirisi na`tiyjeliligin asırıw ju`da` ko`p faktorlar ha`m sha`rt-sha`rayatlarg`a baylanıslı. Olar arasında miynet resurslarına aqılg`a muwapıq paydalanıw ha`m awıl xojalıg`ındag`ı miynettin` ma`wsimiyligi o`zine ta`n a`hmiyetke iye.

Basqa ta`repten bolsa sharwashılıq tarmaqların jaylastırıw ha`m uyg`ınlastırıwdı qubla, oraylıq ha`m arqa aymaqlarının` o`zine ta`n qa`siyetlerin ja`ne de usınıs etilip atırg`an eginler quramı masshtabında azıq-awqat tu`rleri boyınsha alınatug`ın ko`lemlerin esapqa alg`an halda a`melge asırılıwı u`lken na`tiyje beredi. Sebebi bul aymaqlarda paxta-ma`kke-ju`werini ha`m keyin ala g`a`lleni de esapqa alg`an halda qollanılatug`ın almaslap egiw diziminde alınatug`ın azıq-awqat tu`rleri ha`m olardın` mug`darları tu`rli da`rejede boladı. Demek, diyxanshılıq eginlerin almaslap egiw sharwashılıqtı rawajlandırıwdın` tiykarg`ı sha`rtlerinen biri bolıp tabıladı.

Bunnan tısqarı, palız-azıq-awqat almaslap egiw diziminen alınatug`ın shireli azıq-awqatlar da qosımsha derek sıpatında itibarg`a alınıwı maqsetke muwapıq. usınday qılıp, bizin` esap-kitaplarımızg`a ko`re, 2015 jılg`a barıp Qaraqalpaqstan Respublikasında sharwashılıqtı na`tiyjeli rawajlandırıw ushın Jami 2763,6 mın` tonna azıq-awqat yaki azıq-awqat birliginde 956,6 mın` tonna tayarlanadı. Usıg`an muwapıq, suwg`arılatug`ın aymaqlarda tiykarınan qaramalshılıq ha`m sho`l jaylawlarda qarako`l qoyshılıg`ın rawajlandırıw maqsetke muwapıq bolıp tabıladı.

Su`t-go`sh bag`darındag`ı qaramalshılıqta sawın sıyırlardın` salmag`ı 43-45 protsent a`tirapında bolg`anında belgili bir shirket yaki fermer xojalıg`ı egin maydanlarında jetistiriletug`ın azıq-awqat bazasına tiykarlang`an halda olardı

aylandırıw ushın yarım ashıq bastırmalarg`a iye bolg`an arnawlı malxanalarda statsionar halda bag`ıw joqarı na`tiyje beredi. Bunday bag`ıw usılı ko`birek qubla ha`m oraylıq aymaqlarg`a sa`ykes bolıp, joqarı na`tiyjeler beriw menen bir qatarda xalıqtın` su`t ha`m go`sh o`nimlerine bolg`an mu`ta`jin qandırıw, qaramalshılıqtı joqarı rentabelli tarmaqqa aylandırıw imkanın beredi.

Qubla ha`m oraylıq aymaqlardan parqlı ra`wishte arqa territorisında qaramalshılıqtı eki bag`dar boyınsha, sonın` ishinde: paxtashılıq ha`m salıshılıq xojalıqlarında su`t ha`m go`sh jetistiriwge, otlaq ha`m pishenliklerge iye bolg`an aralas tarawlı xojalıqlardı bolsa u`stin da`rejede go`sh jetistiriwge qa`niygelestiriwdi usınıs qılamız.

Azıq-awqat bazasının` ko`lemi ha`m quramına muwapıq keleshekke mo`lsherlengen qaramallar sanının` o`siw su`wretinin` mag`lıwmatları boyınsha, 2015 jılg`a barıp qaramallardın` sanı 2,1 ma`rte ko`beyiwi kerek. Qaramallar sanının` o`siw su`wretinde rayon ha`m aymaqlar boyınsha parq onsha u`lken emes. Sonın` menen birge Qaraqalpaqstan Respublikasında qaramalshılıqtan tısqarı qoyshılıq, shoshqashılıq, qusshılıq, atshılıq, tu`yeshilik ha`m usı sıyaqlı basqa tarmaqlar da bar. Bul tarmaqlardag`ı sharwa mallarının` sha`rtli sanı Jami sharwa mallarının` 20 protsentin, qaramallar bolsa 80 protsentin quraydı. Azıq-awqatlardın` joqarıda atap o`tilgen ko`lemi 2015 jılg`a deyin keleshektegi sharwa malları sanın ko`beyttiriw jeterli.

Fermer ha`m diyxan xojalıqlarındag`ı mallar sanın ko`beyttiriw, olardın` sapasın jaqsılaw su`t ha`m go`sh jetistiriwdi ko`beyttiriwdin` za`ru`r sha`rti esaplanadı. Sharwashılıq o`nimleri - su`t ha`m go`sh jetistiriw ko`beygen ha`m olardın` na`tiyjeliligi asqan sayın fermer ha`m diyxan xojalıqlarının` bul tarawdag`ı ornı ha`m roli asıp baradı. Nege desen`, xojalıq ju`rgiziwdin` bunday tu`rlerinde jeke materiallıq ma`pdarlıq artadı ha`m na`tiyjede qaramallardın` sanı ha`m o`nimdarlıg`ının` jedel o`siwi ta`miynlenedi , 2015 jıl 1057 mın` tonna yaki usı da`wir ishinde su`t o`nimi o`ndiriw 7,0 ma`rtebege ko`beyedi. Bul - erisiw mu`mkin bolg`an da`reje ju`da` ko`p diyxan ha`m fermer xojalıqlarında ha`r bir bas sıyırdan su`t sawıp alıw 2006-2010 jıllarda jılına ortasha 3600-4200 litrge ten`

bolg`an. Bunın` ushın azıq-awqat jetistiriw dizimin jetilistiriw, sharwa malların, zootexnika ha`m veterinariya jumısların jaqsılaw, xızmetkerlerdin` miynetin bazar mexanizmi tiykarında qollap-quwatlaw za`ru`r bolıp tabıladı.

Qaramallar sanı ha`m tiri salmaqtın` o`siwi esabına tiri salmaqta go`sh jetistiriwdi 2015 jılg`a kelip bolsa 77,1 mın` tonnag`a jetkiziw imkanı bar. Qaramalshılıq o`nimleri jetistiriwdin` bunday o`siwine erisiw ushın azıq-awqat bazasın tu`pten jaqsılaw menen bir qatarda ba`rshe tu`rdegi sharwa mallarınan tuyaq alıw jumısların jaqsı sho`lkemlestiriw, qısır ha`m nabıt bolıw hallarına jol qoymaw kerek.

Sıyırlardı o`siriw ushın 2,5-3 jıl dawamında u`lken qarjı sarplanadı. Sonın` ushın sawın sıyırlardan paydalanıw mu`ddetin imkanı bolg`anınsha uzayttırıw, tuyaq alıwg`a jaramlı sıyırlardı esaptan shıg`arılıwına jol qoymaslıq, olardı o`z waqtında qashırıw, tuwıwdan keyin qashırıwg`a shekem bolg`an da`wirin qısqarttırıw kerek. Ba`rshe xojalıqlarda 1-2 jaslı qashırıw jasındag`ı buzawlar menen padanı toltırıw, olardı arnawlı o`siriwdi sho`lkemlestiriw za`ru`r. Ta`jiriybe ko`rsetkenindey, jaylawlarg`a iye bolmag`an qubla ha`m oraylıq aymaqlarda qaramallardı malxanalarda baylamay saqlaw, jaylawlarg`a jaqın bolg`an arqa aymaqlarda bolsa jaylawlarda, go`sh jetistiriwge mo`lsherlengen xojalıqlarda bolsa ma`deniy-jaylaw sha`rayatında saqlaw mallardı saqlawdın` en` na`tiyjeli dizimi bolıp tabıladı. Su`t ha`m go`sh jetistiriw bag`darlarındag`ı xojalıqlarda bag`ıwdın` tiykarg`ı usılı azıq-awqat bazası quramına qarap, ma`kke-ju`weri beriw esaplanadı.

Go`reklerde qalg`an paxtanı tazalaw na`tiyjesinde alınatug`ın shan`g`alaqlar azıq-awqatlandırıw ko`lemin ko`beyttiriwdin` za`ru`r qosımsha rezervi esaplanadı. Qaraqalpaqstan Respublikasının` tek g`ana paxtashılıq xojalıqlarında 2001 jılı 100 mın` tonnag`a jaqın usınday azıq-awqat toplag`an bolsa, 2006 jılda bul ko`rsetkish 180 mın` tonnanı, 2010 jılda 220 mın` tonnanı, 2015 jılg`a kelip 240 mın` tonnanı qurıwı ko`zde tutıladı.

Salıshılıq xojalıqları o`ndiris xızmeti menen baylanıslı tiyisli ko`rsetkishlerdin` analizi sonnan da`liylet beredi, xojalıqlardın` fond penen

ta`miynlengenlik da`rejesi miynet o`nimdarlıg`ı ha`m onı qollap-quwatlaw, sonday-aq, jerden paydalanıw na`tiyjelilik ko`rsetkishlerine tikkeley ta`sir ko`rsetedi.

Esap-kitaplardan kelip shıg`ıp, eger paxta tazalaw ha`m paxtanı qayta islew zavodlarında shıg`ındılardı zıyansızlandırıw ha`m olardan sharwa malları ushın mono azıq-awqat tayarlaw boyınsha arnawlı tsexlar du`zilse, respublika xojalıqlarında qosımsha ra`wishte 0,7-0,8 mın` tonna go`sh jetistiriw mu`mkin. Biraq, bul qosımsha azıq-awqat resurslarınan Qaraqalpaqstan Respublikasında joqarı azıq-awqat o`te defitsit bolıwına qaramay organlar ortasındag`ı kelispewshilikler sebepli derlik paydalanılmay atır. Ha`zirgi waqıtta ko`p g`ana aldag`ı xojalıqlarda azıq-awqat arlaspasın tayarlaw boyınsha azıq-awqat tsexleri jetiskenlikli islep turıptı. Bunday azıq-awqatlar tayarlawda quramına qosılıwı kerek bolg`an sheluxananın` 30-35 protsenti ornına joqarıda ko`rsetilgen paxtashılıq shan`g`alaqları qosıladı. Bunday xojalıqlar sharwashılıq o`nimleri jetistiriwde joqarı ko`rsetkishlerge erisiw menen bir waqıtta ju`da` u`lken mug`darlarda azıq-awqat resursların tejep qalıwg`a da erispekte.

Sonday-aq, keleshekte Qaraqalpaqstan Respublikası sha`rayatında azıq-awqat bazası eginleri maydanlarının` ta`biyiy sapaların jaqsılaw, sanaat jolı menen tolıraq gidroliz ashıtqıları, vitaminli qosımshalar, sintetikalıq aminokislotalar ha`m basqa biologiyalıq aktiv stat`yalar jetistiriwdi ko`beyttiriw esabına da rawajlanıwı kerek.

Suwg`arılatug`ın aymaqlardag`ı fermer xojalıqlarında sharwa malların na`tiyjeli o`siriw maqsetinde:

- azıq-awqat eginlerin egiw, sharwa malların jıl boyı qoralarda asırag`an halda toplang`an ot-jemlerden aqılg`a muwapıq paydalanıw;

- sharwa malların qısta azıqlandırıw ushın azıq-awqatlar keshki azıq-awqat eginleri egiw;

- agrotexnika jumısların intensiv jetilistiriw ha`m o`zlestiriw arqalı jıl dawamında 2-3 ma`rte zu`ra`a`t alıwdı ta`miynlewshi qaplama, aralas, qaytalamalı ha`m aralıq azıq-awqat eginlerinen joqarı zu`ra`a`t alıw;

- ha`r qıylı bag`darlar, sonday-aq, sharwashılıqqa qa`niygelesken fermer xojalıqları ha`m jekke ta`rtipte is ju`rgizip atırg`an fermalarda sharwa malları ayırım toparlarının` shireli, jasıl ha`m kontsentratsiyalang`an azıq-awqatlarg`a bolg`an mu`ta`jin u`zliksiz ta`miynleytug`ın klasslastırılg`an azıq-awqat eginlerin almaslap egiw dizimin jaratıw ha`m o`zlestiriw usınıs qılınadı.

## Tema: **Bazar ekonomikasına o`tiw da`wirinde jeke menshikke tiykarlang`an awıl xojalıq ka`rxanaların rawajlandırıw jolları**

**I. Sabaqtın' maqseti:**

Ekonomikalıq reformalardı teren`lestiriw sha`rayatında ha`r qıylı mu`lkshilik tu`rlerindegi awıl xojalıq ka`rxanalarında o`ndiris na`tiyjeliligin arttırıw boyınsha ilimiy tiykarlang`an usınıslar islep shıg`ıwdan ibarat.

**II. Sabaqta tu'sindiriliwi tiyis bolg'an tiykarg'ı atama ha'm tu'sinikler:**

- Awıl xojalıg`ında jerden paydalanıw na`tiyjeliligi ha`m eginlerdi jaylastırıwdın` ha`zirgi halatı ;
- Bazar ekonomikasına o`tiw da`wirinde jeke menshikke tiykarlang`an awıl xojalıg`ı ka`rxanalarında o`ndiristi rawajlandırıw ha`m agrar resurslardan na`tiyjeli paydalanıw perspektivaların belgilew tiykarları;
- Diyxanshılıq o`nimlerinin` keleshektegi o`ndiris imkaniyatların anıqlaw ha`m olardın` na`tiyjeliligin arttırıw jolları;

III. Sabaq ushın za'ru'r buyımlar ha'm mag'lıwmat derekleri:

- **9 – klass sabaqlıg’ı**

IV. Sabaqtın’ basqıshları ha’m waqıttın’ bo’listiriliwi:

| | | |
|---|---|---|
| 1 | Sho’lkemlestiriw bo’limi | 2 minut |
| 2 | Jan’a temanı baslawg’a tayarlıq | 5 minut |
| 3 | Jan’a temanı tu’sindiriw:<br>a) pikir alısıw<br>b) o’z betinshe jumıs;<br>d) analizlew;<br>e) juwmaq | 27 minut<br>5 minut<br>10 minut<br>7 minut<br>5 minut |
| 4 | Jan’a temanı bekkemlew | 5 minut |
| 5 | Sabaqtı juwmaqlaw | 3 minut |
| 6 | U’yge tapsırma | 3 minut |

V. Sabaqtın’ basqıshları:

1. Sho’lkemlestiriw bo’limi

Sa’lemlesedi. U’yge tapsırma tekseriledi.

2. Jan’a temanı baslawg’a tayarlıq

Sabaq bazar ekonomikasına o`tiw da`wirinde jeke menshikke tiykarlang`an awıl xojalıq ka`rxanaların rawajlandırıw jollarına sıpatlama beriw menen baslanadı.

**3. Jan’a temanı tu’sindiriw.**

Respublika agrosanaat kompleksi ka`rxanalarında a`melge asırılıp atırg`an ekonomikalıq reformalar en` aldın-ala ha`r qıylı mu`lkshilikke tiykarlang`an jojalıq ju`rgiziw tu`rlerin rawajlandırıw ha`m olar ortasında salamat ba`sekini ju`zege keltiriw arqalı o`ndiris na`tiyjeliligin arttırıwg`a qaratılg`an. O`z na`wbetinde, awıl xojalıq o`ndiris na`tiyjeliligin arttırıw xojalıqlar ekonomikalıq erkinligi masshtabın ken`eyttiriwdi, xojalıq ju`rgiziwde ekonomikalıq metodlarg`a tayanıwdı, islep shıg`arılıp atırg`an o`nimlerdin` ba`sekige shıdamlılıg`ın asırıw ha`m isbilermenlikti rawajlandırıwdı ja`ne de teriitoriyalar boyınsha xojalıqlar qa`niygelesiwin ilimiy tiykarlang`an ta`rizde sheshiwdi talap qıladı.

Respublikamızda awıl xojalıg`ında ekonomikalıq reformalardı a`melge asırıwdın` huqıqıy tiykarları jaratılg`an bolıp Respublika Oliy Majlisi ta`repinen qabıl qılıng`an «Jer kodeksi», «Awıl xojalıq kooperativleri (shirket xojalıqları», «Fermer xojalıqları», «Diyxan xojalıqları» tuwrısındag`ı nızamlar bar ha`m huqıqıy hu`jjetler kompleksin ja`ne de bayıttı. Ekonomikalıq reforma ilajları na`wbettegi basqıshının` tiykarg`ı a`hmiyeti – awıl miynetkeshlerine xojalıq ju`rgiziwde tola erkinlik beriw, olarda o`ndiris qurallarına ha`m o`z miyneti na`tiyjelerine erkin iyelik qılıwları ushın ba`rshe sha`rt-sha`rayatlardı jaratıw bolıp tabıladı. Sebebi, bazar ekonomikasının` qarar tabıwı awıl xojalıg`ı o`ndirisinde ha`r qıylı mu`lkshilik tu`rindegi xojalıqlar xızmetinin` barlıg`ı ha`m olardın` erkinlik da`rejesi menen belgilenedi.

Bazar ekonomikasına o`tiwdin` ha`zirgi basqıshında awıl xojalıq o`nimler o`ndiriw na`tiyjeliligin asırıw mashqalasın sheshiw, ekonomikalıq reformalardı teren`lestiriw arqalı miynetkeshlerde mu`lkke ha`m miynetke mu`na`sibetti tu`pten o`zgerttiriw, ha`r qıylı xojalıq ju`rgiziw tu`rlerin ja`ne de rawajlandırıw ja`ne de ishki xojalıq ju`rgiziw mexanizmin jetilistiriwdin` ilimiy tiykarlang`an teoriyalıq ha`m a`meliy qollanbaların o`ndiristi talap qıladı. Temanın` aktuallıg`ı da joqarıda atap o`tilgen mashqalalardın` za`ru`rligi arqalı belgilenedi.

Awıl xojalıg`ı jerlerinen paydalanıw na`tiyjeliliginin` ha`zirgi halatı ha`m egin maydanları quramın atap o`tın`?

Awıl xojalıg`ı tarmaqlarında ha`r qıylı mu`lkshilikke tiykarlang`an xojalıq ju`rgiziw tu`rindegi ka`rxanalardın` rawajlanıwı awıl xojalıg`ı jerlerinen paydalanıw mazmun ha`m a`hmiyetin bir qatar o`zgertti. Sonday-aq, jer ma`mleket mu`lki bolg`anı halda jerge iyelik qılıw u`lesin ha`r bir diyxanda qa`liplestiriw imkanın beriwshi mexanizmler engizilmekte. Fermer xojalıqlarına jer maydanları uzaq mu`ddetke ijarag`a beriliwi bolsa fermerdin` jerge iyelik qılıwın a`melde ta`miyn etken bolsa, diyxan xojalıqları a`melde tolıq jer iyesine aylang`an.

Usı menen birgelikte jer maydanlarının` haqıyqıy iyesi ma`mleket bolıp, jerden na`tiyjeli paydalanıwdı jolg`a qoymag`an awıl xojalıg`ı tovar o`ndiriwshisi jerden paydalanıw huqıqınan ayırılıwı qa`wipi bar ekenligi, awıl xojalıg`ı

jerlerinen tek g`ana awıl xojalıg`ı o`nimleri jetistiriw ushın paydalanıw lazımlıg`ı nızamlarda qatan` belgilep qoyılg`anlıg`ı jerden paydalanıw na`tiyjeliligin arttırıp barıwdı ha`r bir xojalıq ju`rgiziw tu`ri ushın ma`jbu`riy sharag`a aylandırdı.

Ekinshi ta`repten, awıl xojalıg`ı tarmaqlarında bazar mu`na`sibetleri rawajlanıp barıwı, o`ndiriste bazar nızamlıqları u`stemligi ta`miynleniwi sha`rayatında, tek g`ana jerden na`tiyjeli paydalanıwdı jolg`a qoyıwdın` jag`dayınan shıqqan awıl isbilermenleri g`ana bazarda xojalıq ju`rgiziw imkaniyatına iye boladı.

Keri halda isbilermen ushın awıl xojalıg`ı o`ndirisi ekonomikalıq kriziske ushıraydı ha`m o`z-o`zinen jerden paydalanıwimkaniyatı barha`m tabadı.

O`zbekstan respublikasının` «Jer kodeksi», «Jer kadastrı tuwrısında»g`ı, «Diyxan xojalıg`ı kooperativleri (shirket xojalıg`ı) tuwrısında»g`ı, «Fermer xojalıg`ı tuwrısında»g`ı, «Awıl xojalıg`ı kooperativleri (shirket xojalıg`ı) tuwrısında»g`ı nızamlarda jerden paydalanıw ha`m jer o`nimdarlıg`ın asırıp barıw shara-ilajları ko`zde tutıladı. O`zbekstan Respublikası konstitutsiyasında jer ulıwma xalıqlıq mu`lki, ulıwma milliy baylıq ha`m aldı-sattı, girew, sawg`a qılıw ob`ekti bolmaslıg`ı belgilep qoyılg`an.

Jer awıl xojalıg`ı ka`rxanalarına paydalanıw ushın uzaq mu`ddetke ijarag`a yaki paydalanıw ushın biriktirip beriledi. Sonın` ishinde, awıl xojalıg`ı jerlerinen paydalanıwshılarg`a:

- fermer xojalıqlarına da awıl xojalıg`ı jerleri uzaq mu`ddetli ijara tiykarında (30 jıldan 50 jılg`a shekem bolg`an mu`ddetke) biriktirip beriledi;
- diyxan xojalıqlarına bolsa jer maydanları a`wladtan-a`wladqa miyrasqa qaldırıw sha`rti menen o`mirinshe paydalanıwg`a beriledi;
- ilimiy-izertlew institutlarına ha`m oqıw orınlarına izertlew jumısları, oqıw maqsetlerinde paydalanıw ushın beriledi;
- ta`jiriybe xojalıqları, tuqımshılıq ha`m na`silshilik ma`mleket xojalıqları da jer maydanınan mu`ddetsiz paydalanadı;

- basqa awıl xojalıg`ı bolmag`an ma`kemeleri ha`m sho`lkemlerine bolsa awıl xojalıg`ı jer maydanları ja`rdemshi xojalıqlar sho`lkemlestiriw ushın ajıratıladı.

O`zbekstan Respublikasında xalıq tıg`ızlıg`ı joqarılıg`ı ha`m jer maydanları mug`darı shegaralang`anlıg`ı sebepli jan basına tuwrı keletug`ın aydalatug`ın jerler ju`da` kem bolıp, jıldan-jılg`a kemeyip barmaqta.

Jerden paydalanıw na`tiyjeliligi da`rejesi basqa agrar resurslardan paydalanıw na`tiyjeliligi da`rejesin de belgilewi, jerden u`nemsiz paydalanıw yaki jer maydanların (suwlı maydanlarda) egin ekpesten qaldırıw tovar jetistiriwshi diyxan ushın u`lken ekonomikalıq zıyan keltiriwi menen birgelikte, respublika masshtabında u`lken ekonomikalıq imkaniyatlardı jiberip qoyıw da esaplanadı.

Respublikamızdag`ı awıl xojalıg`ına jaramlı jer maydanlarının` tek 15,1 protsentinen artıg`ırag`ı (4200 mın` gektar) intensiv paydalanıw mu`mkin bolg`an jerler esaplanadı. Biraq usı jer maydanları da qalalar, iri xalıq jasaw ma`nzillerine jaqınlıg`ı, o`ndiristi sho`lkemlestiriw ushın za`ru`r resurslarg`a salıstırg`anda jaylasıwı, suw ta`miynatı, topıraq mexanikalıq, agroximiyalıq, agrobiologiyalıq quramı, ıqlım qa`siyetlerine baylanıslı bolg`an halda tu`rli da`rejede na`tiyje beredi. Biraq, jer resurslarının` sheklengenligi ha`m olardın` jer maydanların o`ndiris protsessine tartıw za`ru`rligi bar.

Oqıwshılardın’ juwapları tın’lanadı ha’m analizlenedi.

**4. Jan’a temanı bekkemlew.**

bazar ekonomikasına o`tiw da`wirinde jeke menshikke tiykarlang`an awıl xojalıq ka`rxanaların rawajlandırıw jolları qanday? Usı sorawdan temanı bekkemlewde paydalanıw maqsetke muwapıq. Toparlarg’a 2 minuttan waqıt beriledi ha’m pikirleri tın’lanadı.

**5. Sabaqtı juwmaqlaw ha’m bahalaw.**

Aktiv qatnasqan oqıwshılar bahalanadı ha’m jurnalg’a ra’smiylestiriledi.

**6. U’yge tapsırma.**

1. O’tilgen temanı u’yreniw ha’m qaytalaw.

2. Temada keltirilgen kesteni ha’r ta’repleme u’yreniw ha’m tu’sinikke iye bolıw.

## Juwmaqlaw.

A`melge asırılg`an ilimiy izertlewler na`tiyjesinde to`mendegi sheshimler talap ha`m usınıslar tayarlandı:

1. Awıl xojalıg`ında tiykarg`ı o`ndiris quralı ha`m miynet predmeti esaplang`an awıl xojalıg`ına jaramlı jerler keskin sheklengen. Respublika xalqı sanının` o`siwi bir ta`repten awıl xojalıg`ı o`nimlerine talap o`siwine alıp kelmekte, ekinshi ta`repten awıl xojalıg`ı jerleri xalıq u`y-jayı, sanaat ob`ektleri qurıwg`a ba`nt qılınıwı na`tiyjesinde jer resursları mug`darı kemeymekte. Sonday-aq, ekologiya mashqalası, jerler meliorativ halatı jamanlasıwı, erroziyag`a ushırawı na`tiyjesinde de awıl xojalıg`ına jaramlı jerler kemeyiwi sebepli awıl xojalıg`ına jaramlı jerlerden paydalanıw na`tiyjeliligin arttırıw ma`selesi o`te aktuallıq bolıp tabılmaqta.

2. Awıl xojalıg`ı o`ndirisi ko`p jaqtan jawın-shashın, na`tiyjeli temperatura mug`darı, topıraq quramı, suw ta`miynatı ha`m basqa faktorlar esabına ha`r tu`rlishe na`tiyje beredi. Sonlıqtan jerden paydalanıw na`tiyjeliligin arttırıw territoriyalar sha`rayatına say halda eginlerdi jaylastırıwdı talap etedi.

Awıl xojalıg`ı eginlerin jaylastırıwg`a ta`sir etiwshi faktorlardı sha`rtli ra`wishte to`mendegi toparlarg`a bo`liw mu`mkin;

- ta`biyiy faktorlar – bular respublika territoriyalarının` agroıqlım ko`z-qarasınan bir-birinen parqı tiykarında ju`zege kelip, ha`r bir territoriyanın` – topıraqtın` mexanikalıq quramı ha`m du`ziliwi; topıraqtın` ximiyalıq quramı; suw menen ta`miynlengenlik da`rejesi; na`tiyjeli jıllıq temperatura mug`darı; quyashlı ku`n uzınlıg`ı; jıllıq jawıngershilik mug`darı sıyaqlılar arqalı sa`wlelenedi;

- ilimiy-texnikalıq faktorlar-sanaat ka`rxanalarının` rawajlanıw da`rejesi ha`m jaylasıwı; jol-transport tarawı rawajlanıwı; o`ndiristin` mexanizatsiya da`rejesi; o`ndiristi ximiyalıq urallar menen ta`miynlew; selektsiya jumıslarının` rawajlanıw da`rejesi sıyaqlı faktorlar arqalı baqlanadı;

- sotsiallıq-ma`deniy faktorlarg`a xalıq territoriyalıq u`rp-a`detleri, da`stu`rleri, ha`m qa`driyatları; diyxanshılıq ma`deniyatı miyrası; xalıqtın` azıq-

awqat tutınıwındag`ı, miynetke ha`m ta`biyatqa mu`na`sibetindegi parqlar ha`m basqalar kiredi.

Usı faktorlar awıl xojalıq eginlerin jaylastırıwg`a tu`rlishe ta`sir etedi. Olar ta`sirin esapqa alıw ko`zlengen na`tiyjelerge erisiwde tiykarg`ı jag`day bolıp xızmet qıladı.

3. Bazar sha`rayatında awıl xojalıg`ı eginlerin aqılg`a muwapıq jaylastırıwdın` tiykarg`ı sha`rti menen egin maydanı birliginen alınatug`ın paydanı maksimallastırıw esaplanadı.

Makroekonomikalıq ko`lemde da`ramatlı ha`m mikroekonomikalıq ko`lemde pa`s da`ramatlı eginlerdi jaylastırıw ma`selesinde Jamiyet ko`z-qarasınan jantasıw za`ru`r. Biraq, bazar ekonomikası o`ndiristin` mikro ha`m makroekonomika masshtabında o`nimler o`ndiriw ja`ne de xızmetler ko`rsetiwge sarplang`an qa`rejetler alıng`an da`ramat penen qaplanıwın ha`m xojalıq ju`rgiziwshi sub`ektler o`ndiristi rawajlandırıwdı ushın za`ru`r bolg`an paydalılıq da`rejesine iye bolıwın talap etedi. Demek, Jamiyet mu`ta`jlerin qandırıw maqsetinde o`nimler jetistiriw ushın jaylastırılatug`ın awıl xojalıg`ı eginlerin o`stiriwshi ka`rxanalar ma`mleket ta`repinen qollanılatug`ın qollap-quwatlawshı jen`illiklerden paydalanıwları kerek. Bunday ekonomikalıq jen`illikler salıq dizimi, materiallıq-texnikalıq ta`miynat yaki tuwrıdan-tuwrı bazarlar arqalı awıl xojalıg`ı ka`rxanaların ma`mleket mu`ta`jleri ushın o`nim jetistiriwge qollap-quwatlawı kerek.

Sonday-aq, awıl xojalıg`ı o`nimlerin en` joqarı payda alıw imkaniyatlarınan tolıq paydalang`an halda satıwg`a erisiw za`ru`r ma`sele esaplanadı.

Awıl xojalıg`ı o`nimlerin satıwda qayta islew ka`rxanaları, tayarlaw sho`lkemleri quwatı, transport xızmeti sapası pa`sligi, jollar ahwalı jamanlıg`ı, o`ndirilgen o`nimlerdi saqlaw imkaniyatları kemligi ha`m basqa sebeplerge ko`re, ko`plep mashqalalar na`tiyjesinde diyxan da`ramatının` bir bo`legin jog`altadı. Sonlıqtan awıl xojalıg`ı eginlerin jaylastırıwda usı faktorlar da esapqa alınıwı lazım.

4. İzertlewler ko`rsetiwinshe, jerden paydalanıw ekonomikalıq na`tiyjeliligin arttırıw quramalı ekonomikalıq protsesslerdi o`z ishine aladı. Usı protsessler awıl xojalıg`ı o`ndiris dizimi masshtabında agrotexnikalıq, texnologiyalıq, sho`lkemlestiriw, ekonomikalıq dizimlerden quraladı.

Sonlıqtan jerden paydalanıw ekonomikalıq na`tiyjeliligine agrotexnikalıq, ekonomikalıq, texnologiyalıq, sotsial-ekonomikalıq ha`m sho`lkemlestiriw-ekonomikalıq protsessler na`tiyjeliligi jıyındısı sıpatında qaraw maqsetke muwapıq. Sebebi ekonomikalıq-texnologiyalıq ha`m agrotexnikalıq protsessler jerdin` ta`biyiy, passiv ha`m ekonomikalıq o`nimdarlıg`ı, suw ta`miynatı da`rejesi, tiykarg`ı qurallardan paydalanıw da`rejesi, tiykarg`ı qurallardan paydalanıw da`rejesi ha`m eginler biologiyalıq potentsialdan paydalanıw da`rejesin o`zinde sa`wlelendirse, sotsial-ekonomikalıq na`tiyjelilik bolsa, agrotexnikalıq, ekonomikalıq-texnologiyalıq protsessler na`tiyjeleri esaplanadı ha`m o`ndiris protsessine tu`rtki beriwshi ekonomikalıq ma`pler jen`illikleri arqalı o`ndiris maqsetine erisiwdi ta`miynleydi.

Usınday qılıp, jerden paydalanıw ekonomikalıq na`tiyjeliligi awıl xojalıg`ı o`nimleri jetistiriw protsessinde sarp qılıng`an materiallıq ha`m miynet resursları esabına awıl xojalıg`ına jaramlı jer maydanları birliginen alıng`an da`ramat mug`darında o`z sa`wleleniwin tabadı, anıg`ırag`ı bul sarp-qa`rejetler ha`m da`ramatlar ortasındag`ı salıstırma arqalı sa`wlelendi.

5. Awıl xojalıg`ında ha`r qıylı xojalıq ju`rgiziw tu`rindegi ka`rxanalar iskerligi awıl xojalıg`ı jerlerinen paydalanıwdın` mazmun, a`hmiyetin o`zgerttiredi.

Usı menen birgelikte jer maydanlarının` iyesi ma`mleket ekenligi, jerden na`tiyjeli paydalanbag`an awıl xojalıg`ı ka`rxanası jerden paydalanıw huqıqınan ayırılıwı mu`mkinligi, awıl xojalıg`ı jerlerinen tek g`ana awıl xojalıg`ı o`nimleri jetistiriw ushın paydalanıwdı ma`jbu`riy sharag`a aylandırdı. Ekinshi ta`repten tek g`ana jerden na`tiyjeli paydalanıwdı jolg`a qoyg`an awıl isbilermenleri g`ana bazarda xojalıq ju`rgiziw imkaniyatına iye boladı.

Egin maydanları quramın optimallastırıw protsessi ma`lim da`wirler dawamında sotsial-ekonomikalıq jag`daylardan kelip shıg`ıp, udayı ra`wishte

dawam etiwshi protsess esaplanadı. Bunda tiykarg`ı itibar ekonomikalıq mashqalalardı sheshiwge (egin maydanı birligi esabınan ko`birek da`ramat alıw wazıypasın sheshiw) qaratılsa da, usı maqsetke sho`lkemlestiriw, agrotexnikalıq ha`m ekologiyalıq mashqalalardı sheshpey erisip bolmaydı.

## Paydalanılg`an a`debiyatlar

1.Karimov İ.A. . Mustaqil Wzbekistonning davlat siosati insanıylik va ezgulik qonunlariga asoslanadi. // Wzbekiston mustaqillikka erishish ostonasida. / İ.A. Karimov. - T.: „Wzbekiston" NMİU, 2011.g.

2.Karimov İ.A. Wzbekiston dunyo xaritasida wziga munosib joy oldi. // Wzbekiston mustaqillikka erishish ostonasida. / İ.A. Karimov. — T.: „Wzbekiston" NMİU, 2011.

3. İ. A. Karimov «Wzbekiston buyuk kelajak sari». T. Wzbekiston 1998 y.

4. Abdullaev O. İ.dr. «Agrosanaat kompleksin bazar ekonomikasına o`tkeriu` problemaları». T.1992 j.

5. Yusupboev K.Yu. «Qoraqalpog`iston Respublikasining agrar sektorida iqtisodiy islohotlarni amalga oshirishning wziga xos xususiyatlari» Toshkent «Wzbekiston» 2001 yil

6. V. Chjen. «Qishloq xwjaligida mulkchilikning nodavlat shakllarini vujudga keltirish va xususiylashtirishga oid uslubiy qwllanmalar twplami» Toshkent 1994 yil.

7. İzimbetov T. «O`zbekstan ekonomikalıq reformalardı teren`lestiriw jolında». No`kis. 1995 j.

8. A. Eshmuxammedov va boshqalar. Bozor munosabatlari sharoitida milliy iqtisodietning rivojlanishi. T wqituvchi 1996 y.